



# Mharidzo Yokuuya Kwake

Nyengeterera rugare rweJerusarem: "Dai vanokuda vagara zvakanaka. Dai mukati mamasvingo ako maita rugare, nokuchengetedzeka mukati menhare dzako." -- Pisarema 122:6

No. 11

2017

## **Bembera: Makorokoto Kwauri Jerusarema! 1967-2017**

NaGodfrey Ndirwenyu

Gore ra2017 igore rakakosha zvikuru murungano rwenyika yavaJudha, nyika yaIsiraeri. Saizvozvowo igore rinoera, uye rinechiporofita, zvikurusei kuKereke yaKiristu pasi rose. Pane zvikonzero zvakati kuti nemhaka yei ndichidaro. Muchinyorwa chino ndichangodoma nokudonongodza zvisomanana kuti nemhaka yei ndichitaura kudai uye kuti ndiri kumborevei. Ndokumbirisa zvikuru muverengi wangu kuti undipewo nzeve dzako nokuti zvandiri kuzotaura pano zvakakosha zvikuru kuupenyu hwako somunhu waMwari. Zvikuru sei kana uri mutungamiri weKereke [sapastor] mashoko aya akakosha uye achakubatsirisa zvikuru.

**Chokutanga hechinoi:** Chose chine chokuita nenyika yaIsiraeri ukanyatsochitarira uchaona kuti chinewo chokuita uye chine zvachinonongedzera kuKereke yaKristu. Mubhuku raEkisodo Mwari vanoti ivo kuna Mozisi. "... uti kuna Faro [uyo aive mambo weJipita], Zvanzi naJehovah 'Isiraeri ndiye mwanakomana wangu wedangwe.'" Isiraeri ndiye mwana wokutanga, dangwe, muurongwa hwose hwaMwari. Ndivozve Mwari vanoti ndiri Jehovah waAbrahamu, Jehovah waIsaka, Jehovah waJakobho uyo ari Mutsvene waIsiraeri. Naizvozvo muurongwa hwaMwari hworuponiso kana kudyidzana nepasi rose Jehovah vakatanga, vanotanga, uye vachatanga kuzviratidza kubudikidza nenyika yaIsiraeri [dangwe ravo]. **Isiraeri idangwe raMwari pazvose. Ichi ichokwadic chisina mukare anopikisa, Jehovah vakangozvimisawo saizvozvo.**

**Chipiri hechi:** Chose chine chokuita neKereke yaMwari chinewo chokuita kunewe neni savatendi, uye savateveri vaKiristu mambo wavaJudha. Kazhinji-kazhinji Mwari vanotaura nokutirakidza zvavava kunoita kunyika nekuKereke yavo kubudikidza nenyika yaIsiraeri. Naizvozvo kana uchida kuziva izvo Mwari vava kunoita muKereke yavo [kana pasi rose] tanga watarirawo zvavari kuita kunyika yaIsiraeri. Isiraeri ndiye mudonzvo wemunongedzero waMwari. Guta reZioni riripo sechiringazuva chaMwari kupasi rose. Maziso ako somutendi anofanira kuramba akanamatira nokutarira paguta reJerusarema uye napaShoko raMwari [Bhaibheri]. MaPisarema 122 "Ndakafara zvikuru pavakati kwandiri, 'handei [Jerusarema] kuimba

yaJehovha.' Tsoka dzedu dzimire mukati mamasuo ako, iwe Jerusarema. Jerusarema rakavakwa seguta, rakapakata kwazvo. Ndiko kunokwira marudzi, Iwo marudzi aJehovha, kundorumbidza zita raJehovha, maererrano nezvakatemerwa Isiraeri. Zvigarozvokutonga zvimire ikoko [Jerusarema], zvigarozvoushe zveimba yaDhavhidhi. [Saka imi mose] Nyengeterera rugare rweJerusarem: 'Vanokuda [iwe Jerusarema] vchaagara zvakanaka. Dai mukati mamasvingo ako maita rugare, nokuchengetedzeka mukati menhare dzako.' Nokuda kwehama neshamwari dzangu, ndichati, 'Rugare mukati mako [iwe Jerusarema].' Nokuda kweimba yaJehovha Mwari wedu, ndichatsvaga kubudirira kwako." Ndiwo munamato wangu mukuru, mazuva ose okurarama kwangu. "Vanokuda [iwe Jerusarema] vchaagara zvakanaka. Dai mukati mamasvingo ako maita rugare, nokuchengetedzeka mukati menhare dzako. Nokuda kwehama neshamwari dzangu, ndichati, Rugare mukati mako [iwe Jerusarema]."

Achitaura makore anenge mazana manomwe [700 years] Jesu asati azvarwa muporofita Isaya anoti iye, "[Ini] Ndiri pano navana vandakapiwa naJehovha [achireva vaIsiraeri]. Tiri zviratidzo nemufananidzo muIsiraeri inobva kuna Jehovah Wamasimba Ose paGomo reZioni." Hama yangu aya mashoko akadzama zvikuru kubva pamurumo waMwari. Mutendi wose akangwara uye anokoshesa chikristu chake anogara ziso rake riri pazvinhu zviriviri izvi zvandamboreva pamusoro kuti azive nguva yaari kurarama: paShoko raMwari uye panyika yaIsiraeri. Jehovah vanoti ivo Isiraeri chiratidzo nemufananidzo pasi rose unobva kwavari ivo Jehovah Wamasimba Ose paGomo reZion, guta reJerusarema.

Imbofamba neni panyaya inotevera. Nyaya iyi inondisutsa zvikuru, kana ndichiifunga.

Mugore ra 1897 muguta reBasel munyika yeSwitzerland mumwe murume ainzi Theodor Herzl, uyo aive muJudha, akatungamira musangano wokutanga wechiZioni wainzi The World Zionist Congress. Achitaura mushure momusangano iwoyu Herzl akati iye "MuBasel ndadyara [mhodzi] (Inoenderera Mberi Papeji 2)

(Kubva Papeji 1)

enyika YokwaIsiraeri. Ndikazvikwamatata zvose izvi, pasi rose nhasi richazvitambira nokuseka kukuru. [Asika] Mumakore mashanu, handinyatsoziva asi mumakore makumi mashanu anotevera, ndine chokwadi munhu wose achazvibvuma neni.” Mumakore manomwe akatevera Theodor Herzl, akatisiya, asika, sokutaura kwake, mumakore makumi mashanu [50] akatevera, uri musi wa29 Mbudzi [November] 1947 sangano guru rapasi rose reUnited Nations rakawirirana nokusarudza kuti kuve nyika YaIsiraeri yakazvimirira yoga. Ndapota batisisa chiverengo chamakore iwaya. Zuku zuku chiporofita chalsaya chakazadzikiswa munhu wose asingafungire “Ndiani akambonzwa chinhu chakadai? Ndiani akamboona zvinhu vakadai? Ko, nyika ingazvarwa pazuva rimwe here? Kana rudzi rungazvarwa pakarepo ere? Kunyange vakadaro, Zion rakangoti kurwadziwa, pakarepo ndokubereka vana varo. Ndingasvitsa panguva yokubereka ndikasaberekesa here?” Ndizvo zvinotaura Jehovha, Mwari waIsiraeri.

Chimwezve chinofanira kutsanangurwa, nokunyatsoyankiwa ivara rokuti Zionist. Zionist kana kuti Zionism ivara rinoreva chitendero kana kuti chishuviro chokuti Isiraeri ive nekodzero yokuzvimirira nokuzvidzivirira sedzimwewo nyika. Harizi vara rinonyangadza, rakafanana nesarura rudzi apartheid sokutaurwa kwarinogaroitwa navamwe.

**Handei mberi nenyaya yedu...** Mugore ra 1917 General Allenby, mukuru weuto reBritain akatumba nokusunungura guta reJerusaremu kubva kuutongi hweOttoman Empire, iyo yaitungamirirwa nyika yeTurkey. Paakange onopinda muguta reJerusaremu, [guta reZion] General Allenby akaburuka kubva pabhiza raaiveri akafamba netsokakupinda muguta achiti iye “hakuna mumwe munhu anobvumirwa kupinda muguta iri ari akatasva bhiza kunze kwaMuponisi waro [apa achireva Messiah] chete.” Mugore rimwe chetero ra1917 Gurukota reBritain raiona nezvekunze kwenyika yeBritain, [secretary of foreign affairs] vaArthur James Balfour vakanyorera Lord Rothschild tsamba inomukurumbira nanhasi yaitsanangura, kukumbira nokusimidzira nheyo dzeurongwa hwenyika yeBritain pamusoro penyika yaIsiraeri. Tsamba iyi ndiyo inozivikanwa nhasi nezita rokuti **Balfour Declaration**. Mairi vaBalfour vakakohomedzesa chishuvo chenyika yeBritain kukuvapo kwenyika

yavaJudha “muPalestine.” Tsamba iyi ndiyo yakave mviro-mviro yemhanza yokushingairira kuti pave nyika yaIsiraeri iyo yazonowana rusunguko rwayo mugore ra 1947 asi zvikazonoziviswa mupasi rose mugore rakatevera ra1948. Mushure memakore anokwana zviuru zviviri vapararira mupasi rose vaJudha vakazowanawo kuzvitonga kuzere uye vakava nyika yavanoti ndeyavo. Mumwe munyori achinyora mupepa reHerald of His Coming raChikunguru wegore ra1948 anoti iye, “Zvose zvichatevera zvakatuturikwa pamusoro pechiitiko ichi” apa achireva kuwana kuzvitonga kuzere kwaIsiraeri. Achienderera mberi munyori anoti iye, “Kuwana kuzvitonga kwenyika yeIsiraeri chiitiko chikuru chokuzadzikiswa kwechiporofita mumakore zviuru zviviri apfuura. Kanapo paine zvimwewo zviporofita vakazadzikiswa, ichi ndicho chirakidzo chikuru chokuti tave kurarama munguva yokupedzisira. Mushure memakore ane zviuru zviviri vari muutorwa noku-gomedzera zvisina pundutso kuti vawane Nyika Tsvene, vaJudha vave nyika yavowo muPalestine.”

Pakawana Isiraeri kuzvitonga kwayo kuzere, uye kavawo nhengo yakazara **yeUnited Nations**, nyika dzemaArabhu, dzakaitenedzwa hadzina kufara nematanho aya uye neckiitiko ichi. Chishuvo chikuru chamaArabhu ndechokuti nzvimbo yose yeMiddle East isave nechimwe chitendero kunze kwechiIsilamu [Chichawa]. Chitendero chikuru chenyika yaIsiraeri chiJudha izvo zvinovengwa zvikuru naIsilamu. Kuva Isilamu, chiJudha, chinovakosodza nokuvaswinya sehurukuru. Vanochipfira mate anopisa noukasha! Naizvozvo muukasha ihwoho nyika idzi dzakarambisisa kuchiitiko ichi uye dzikaramba dzakabatirira paguta reJerusalem nekuzvimwewo zvimedu zvinyika yaIsiraeri [West Bank, East Jerusalem neGaza Strip]. Moto wakazopfutidzwa mafuta akatsva mugore ra1967 apo nyika dzemaArabhu dzakazokutsirana nyika yaIsiraeri, muhondo inozivikanwa nhasi kunzi **The Six Day War**. Muchiitiko chakakatyamadza pasi rose [uye chakaraidza kuti paive nesimba reMwari] dzose dzakagadzikwa mumadhaka akava mazai kumeso nokunyara. Nyika dzemaArabhu dzakakundwa, guta reJerusarema rakadzorerwa mumaoko aIsiraeri mushure memakore potse zviuru zviviri. Ndosaka ndichiti makorokoto makuru kwauri iwe Jerusarema wave mumaoko avaridzi kubva mugore ra1967 kusvika nhasi.

**Mharidzo Yokuuya Kwake** imagazini rinotsikiswa nguva iri ipi zvayo pagore zvichienderana nokupihwa kwatinenge taitwa naMwari uye rinopihwa pachena kuna ani naani zvake anenge arikumbira neve Gospel Revivals Inc. avo vanotsikisazve magazini rinonzi **Herald Of His Coming**. Kero yavo inoti: P.O. Box 279, Seelyville, IN 47878. U.S.A.

Mukoponori nomupepeti we**Mharidzo Yokuuya Kwake**: Godfrey Ndirwenyu  
Tumirai minamoto, zvikumbiro nemanzwi okutenda pakero yedu yomuZimbabwe inoti:

1257 Emganwini, P.O. Nkulumane, Bulawayo, Zimbabwe

E-meiri: mharidzo4Him@yahoo.com

Nhamba dzorunhare dzinoti +263 772 929673. +263 498041

Nhengo dzeAdvisory Committee: Fortune Mate, Inock Siziba, Promise Nyathi, Maxwell Matewe

Mudikani, ukanyatsotarira uchaona kuti kubva mugore ra 1897 kusvika pana 1947 pane makore anokwana makumi mashanu [50 years]. Kubva mugore ra 1897 kusvika mugore ra 1917 pane makore makumi maviri [20 years]. Kubva mugore ra 1947 kusvika mugore ra 1967 panezve makore makumi maviri [20 years]. Kubva mugore 1967 kusvikawo gore rino pane makore makumi mashanu. Zvinoita sokuti mushure memakore makumi maviri kana makumi mashanu Jehovah pane zvavanoita kuna Isiraeri, kuKereke yavo uye zvichinorasikirawo kupasi rose. Unorangarira here kuti mushure memazuva makumi mashanu vabuda muljipita Mwari akapa vana vaIsiraeri mitemo pagomo reSinai. Zvakare mushure memakore makumi mashanu vana vaIsiraeri vaifanira kupa zororo kuminda yavo [Iro raizivikanwa seGore reJubilee, Gore rokupemberera]. Mushure memazuva makumi mashanu Ishe Jesu vamuka pakave nokudururwa kukuru kwaMweya Mutsvene. Mushure memakore makumi mashanu paiva nokuregererwa kwezvikereti kumunhu wose kunyika yaIsiraeri. Mushure memazuva makumi mashanu vachingobva muzororo rePasika VaJudha vaiva nemutambo weMavhiki apo vaipa zvipiriso zvezviyo zvitsva kuna Jehovah. Saizvozvo sokutaura kwandamboita pamusoro, gore rino ra 2017 igore rakakosha zvikuru murungano rwenyika yeIsiraeri, kuKereke yaKristu uye kupasi rose. Guta reJerusarema riri kupemberera makore makumi mashanu [50 years] riri mumaoko avaIsiraeri. Makorokoto makuru kwaUri iwe Jerusarema, chido chomwoyo wangu navatendi vose, makorokoto kwaUri iwe guta guru raDhavidha, bububu makorokoto makorokoto kwaUri iwe guta rapagomo reZion, riririri makorokoto makuru kwaUri iwe guta raMwari anopona!

Asika hazvisirizvo zvoga, zvakanwanda rufaya kuzvidoma zuva ringatovira. Hechinoyi chimwezve chakavanzika mutakunanzwa. Kubva mugore ra 1897 kusvika mugore rino ra 2017, pane makore zana nemakumi maviri. Inzwa, achivaka ngarava Noah akatora makore anokwana zana nemakumi maviri. NdiMwari venguva. Pane zvavave kunoitira gore rino naizvozvo vatsvene ngavachenjere. Vachitaura vari pagomo reMiorivhi Ishe Jesu Kristu vanoti, “Kuchava nezviratidzo pazuva, pamwedzi nepanyeredzi. Panyika, ndudzi dzichatambudzika uye dzichakanganiswa nokutinhira uye namsaisai egungwa. Vanhu vachapera simba nokutya, nokutarisira zvichawira nyika, nokuti hondo dzokudenga dzichazungunuswa...” Ishe vanozopedzisa neaya mashoko, “Chenjerei, kuti mwoyo yenyu irege kuremedzwa nokudyisa, kudhakwa *nokufunganya kwoupenzi*, kuti zuva iro rirege kukuwirai seriva musina kuzvitarisira...Garai makagadzirira, uye munyengetere kuti mugogona kupunyuka pazvose zvava kuda kuitika, uyekuti mugogona kupunyuka pazvose izvo zvava kuda kuitika, uye kuti mugogona kumira pamberi poMwanakomana woMunhu.”

**Manzwi okupedzisira...** Chinyorwa ichi chadururwa kubva pakati-kati pemwoyo wangu, uye nemisodzi

inopisa, kunyika yandinokoshesa nokukukomborera zvikuru muupenyu hwangu ini somutendi – Nyika yaIsiraeri. Ano matsimba emwoyo wangu uye chinyoreso ichi chaikosora misodzi yapamwoyo wangu. Munamoto wangu ndewokuti Isiraeri agare zvakanaka; pave norugare muguta reZion [Jerusarema], uye kuti nerimwezve zuva nditsikewo ivhu reiyi nyika tsvene. Kumbirirai kuti Jerusarema rive norugare. [Vose] Vanokuda [Iwe Jerusarema] ngavabudirire [neniwo]. Runyararo ngaruve norusvingo rwako [uye] norugare ngaruve mumizinda yako. Pamusana pehama dzangu neshamwari dzangu, [ini ndichati] “*Rugare ngaruve mukati mako iwe Jerusarema...*” Gara nokusingaperi iwe Jerusarema! Rarama nokusingaperi iwe nyika yaIsiraeri! (VaPisarema 122:7).

## Kutakura Kunyadziwa KwaJesu

*NaDave Butts*

*[Ipapo Jesu akatendeukira kuvadzidzi vake akati, “Kana paine anoda unditevera, kuva mudzidzi wangu, ngaazvirambe, atakure muchinjikwa wake, anditevere. Nokuti ani naani anoda kuchengetedza upenyu hwake acharasikirwa nahwo, asi ani naani anorasikirwa noupenyu hwake nokuda kwangu achahuwana. Ko munhu achabatsirwa nei kana akawana nyika yose asi achirasikirwa noupenyu hwake? Kana kuti munhu acharipeiko kuti awane upenyu hwake? Kana kuti munhu acharipeiko kuti adzikinure upenyu hwake?” [Mateo 16:24-26, akawedzerwa nomupepeti]*

Munyorori kuvaHebheru anotipa [aya] mashoko anophomhoda nokukododzvora mwoyo zvikurusa, “*Naizvozvo ngatiendei kwaUri kunze kwomusasa, titakure kunyadziwa kwake*” (VaHebheru 13:13). Simba guru riri mubhuku yavaHebheru inzira yarintobatsidzira nayo kukunzwisisa nezva Jesu Kristu noukama hwake kunezvimaitiro makuru echitendero chava Judha. Muchitsauko chegumi nenhatu (13) tinodzidziswa kuti nenzira imwe cheteyo mhuka dzezvibayiro dzaitorwa dzichinopisirwa kunze kweguta “... *naizvozvowo Jesu akatambudzika ari kunze kwesuo reguta kuti aite vanhu vave vatsvene kubudzikidza neropa rake.*”

Jesu akatambudzwa zvikuru nokunyadziwa murwendo rwake rwokutiponesa. Achitakura zvivi pamusoro pake, akarwadziwa zvikuru, kushushikana pamwoyo, kurambwa, kunyadziwa uye kudzimbikana pamweya. Zvichida chinhu chinorwadza kunzwa nhasi uno ndechokuti patinouya kuna Kristu Jesu, tinodanirwa kukunyadziwa.

Dzidziso yenhema [iyo iri kufungairira] kuva kristu vazhinji nhasi ndeyokuti upenyu hwomutendi huri nyore uye hunokuremekedzwa. Asika pano kuremekedzwa zita raKristu riri kutove chinonyangadza kuvazhinji. Uye pamazvirokwazvo upenyu hwomukristu [upenyu] hwakaoma. Hwakaoma zviya zvokuti dai pasina kushanda  
(*Inoenderera Mberi Papeji 4*)



(Kubva Papeji 3)

kwoMweya Mutsvene muupenyu hwako, wanga usingakwanisi kurarami upenyu ihwohu. Hune kutambudzika nokutambudzika kukuru. Hupenyu hunogogodera.

Rimwe dambudziko guru ratinaro muKereke nhasi nderokuti chikiristu chiri kupihwa kana kuratidzirwa sechiri nyore. VaKiristu vokutanga Havana kuzive mhando yechikiristu chakadaro. Hwavo hwaive upenyu hwaide kuzvipira. Rega ndikuudze kuti nanhasi hapana chati chashanduka. Hupenyu hwechikiristu nhasi huchakangaoma sepakutanga. Pachiri kudiwa kuzvipira kukuru sezvazvaive zviri mumakore okutanga.

Tiri vateveri vaJesu...Munhu Wekusuwu. Tichiri kurayirwa kuti titakure kunyadziswa kwake. Kunyadziswa kwemuchinjikwa ndokwedu. Kutambudzika kuchiri kwedu. Avo vanopokana neizvi vanofanira kuteerera kuaya manzwi amupositori anoti, *“Makadanirwa izvozvi, nokuti akatambudzika nokuda kwenyu, akakusiyirai muenzaniso kuti mutevere makwara ake”* (1 Petro 2:21).

Inzwa mashoko aJesu Kristu kuKereke yeSimina mubhuka yaZvakazarurwa, *“Ndinoziva matambudziko ako neurombo hwako, asi uri mupfumi. Ndinoziva kutuka kweavo vanozviti maJudha asi vasiri ivo, asi vari sinagoge raSatani, usatya izvo zvaakuda kuzokutambudza. Ndinoti Dhiabhuro achaisa vamwe venyu mutirongo kuti akuedzei, uye muchatambudzwa kwemazuva gumi. Ivai vakatendeka kusvika pakufa uye ini ndichakupai korona youpenyu”* (Zvakazarurwa 2:9-10). Jesu aiziva kuidzwa kwaive paKereke yeSimina. Vara rinoshandiswa rokuti “kukuyiwa” rinoshandiswawo pakusvina gorosi ana mazambiringa pasi pezidombo ziguru rine simba gurusu. Isimba rimwe chete ratinoshandisirwa mukutambudzikira Ishe Jesu.

Mumwe nomumwe wedu anokwanisa kupinda mukutambudzwa nokuda kwaizvozvo. Jesu varikutura nokushungurudzwa kwavaKiristu vose. Hazvikufadzi here nhasi kuziva kuti Jesu vanoziva? Varikuona zvose zvinotitambudza nokutishungurudza. Kanapo nyika isingazivi izvo zvinotishungurudza asi Jesu vanozviziva. Aripo kutibatsira apo tinoshanda tichishingairira iye.

Kereke yeSimina yakatarirana nokushungurudzwa kukuru. Mumakore zana okutanga, Polycarp, Bishopu mukuru weKereke, akazvuzvurudzwa achinoiswa pamberi pavakuru achinzi arambe kutenda kwake. Akasungirirwa pasvinga rehuni moto ukabatidzwa pazvikuni zvaive zvakatenderdza. Moto pawange wonobatira pasvinga raaive akasungirwa vakuru vakakwamatatira kuti Polycarp arambe kutenda kwake. Polycarp akachema ari mumirazvu yemoto iyi achiti, *“Mumakore makumi masere andakamushandira haana kiumbonditadzira [apa achireva Kristu]. Ko ndingamurambe sei Ishe wangu akandiponesa?”*

Wazviona here kuti Kristu kuKereke yeSimina. Havana kuti achavabvisa kubva mukushungurudzwa. Haana kuzvipira kuti avanunure kubva kumhirizhonga

iyi. Asi akavavimbisa kuvapa mugove wavo. Anotidanira kukuvimbika pakati-kati pokushungurudzwa. Mubairo waanovimbisa ndiyo korona youpenyu. Pane nzvimbo dzakawanda zvikuru pasi rino apo Kereke iri kuzvionera pamhuno sefodya chokwadi chiri kutaurwa naKristu kuKereke yeSimina. Kutenda kwavo kuri kunyungududzwa sapatoto munguva yokushungurudzwa. Asi ivo nomufaro mukuru varikutakura kwose kunyadziswa kwaKristu.

Kunesu vari kunyika kwatisingatarirani nekushungurudzwa kwakadai, pane zviriviri zvatingaita. Chokutanga tinofanira kunyengeterera vakoma nehanzvadzi dzedu vari mugaringo iri rokuedzwa. Minamoto yedu yakakosha zvikuru mukushingaira kwavo. Chechipiri icho chakaoma zvikuru ndechichi. Tinofanira kuisa padivi mifungo yedu pamusoro pokutenda. Ino yave nguva yokusendeka padivi chikiristu chomutambarakede. Chitendero chedu chinofanira kureva kutora matanho akaoma, uye tichisiya kutenda kusina kurwadziwa nokuzvipira. Yasvika zvino nguva yokusiya kungochema chema kwoumbimbindoga, kana namatambudziko anege atiwire. Ishe Jesu hava kuti danira kuupenyu hwoutofotofo asi kumuChinjikwa.

Munyori webhuku rinonzi **“The Smuggler”** Andrew anotaura nezvaakaona izvo zvinodanira upenyu hwedu kuupenyu hwokuzvitsaurira. Anoto iye, *“Musangano wangu wokupedzisira naHaik Hovsepian-Mehr, mumwe mufudzi weKereke muIran wakave chandisingakanganwi. Kwamakore akawanda Haik Hovsepian-Mehr akashanda somufudzi wamaKereke muIran, nguva dzose achishumira Ivhangeri zvinoungwaru uye zviri pachena. Patange toparadzana takabatana maoko nokumbundikirana iye ndokuti kwandiri, ‘Mukoma Andrew, kana vakandiraya zvinenge zvakonzerwa nokutura kwangu kwete kunyarara.’ Akati iye ‘kana’ kwete kuti ‘zvichida’ vachandiraya. Akati iye ‘kana’ nokuti aiziva kuti vaizo muuraya chete. Mumwedzi wakatevera vakamuurayawo zvechokwadi. Akashupikira kutenda kwake kwamakore akawanda. Akaurayirwa kuvimbika kwake kukuparidzira Ivhangeri. Anga ari murume akakosha uye anoyemurika zvikuru asika haasiriye oga. Kunewo vamwe vaKristu mamirioni vari kutambudzikira kutenda kwavo. Zvine ngozi zvikurusei kana vachiparidzira kutenda kwavo pachena.”*

Ngatisanganirane nehamu dzedu idzi muminamoto uye mukuparidzirawo kutenda kwedu tisingaduduzi. Tisingatariri kana kutya mubairo woushumiri hwedu, Kereke inofanira kuzunzira pasi hunyope uye yofambira mberi musimba roMweya Mutsvene waMwari. Tinofanira kutakura muchinjikwa, kunova kunyidziswa kwake pamusoro pedu. Asika tichirarama upenyu Hwake zvinomufaro mukuru uye takatarira kuumambo hwake huchauya.

## ZVIDZIDZO ZVEBHAIBHERI.....

### Sei Tichifanira Kuroparadza Isiraeri? NaMufundisi Zivai Shoko

“Zvino ndinokuisai kuna Mwari neShoko renyasha dzake, iro rinogona kukuvakai uye richikupai nhaka pakati peavo vakaitwa vatsvene” (Mabasa Avapostori 20:32). “Nokuti Shoko raMwari ibenyu uye rine simba. Rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi maviri, rinobaya kusvikira kunyange panoparadzana mwoyo nemweya, namafundo nemwongo; rinotonga mifungo nendangariro dzemwoyo. Hapana chisikwa chakavanzika pamberi paMwari” (VaHebheru 4:12).

Mufaro mukuru kukukwazisai zvakare, imi mose vavereengi **veMharidzo Yokuuya Kwake** kuchinyorwa chedu chino **cheZvidzidzo zveBhaibheri**. Rangu zita ndinonzi Zivai mwana wababa namai Shoko uye ndinofara zvikuru kuti mawanazve chinguvana chokuverengawo chinyorwa chino. Iri ishoko rezvokwadi vadikani, munhu wose zvake ari mukristu anofanira kuva neruzivo rwakadzika nokudzama rweShoko raMwari. Shoko neMweya Mutsvene zvinofanira kupfutidzana pamwe chete muupenyu hwo mutendi.

Sokutaura kwandinogara ndichiita zvinyorwa izvi zvinoitirwa kuti zvikubatsire iwe semukristu kunzvera nokunzwisisa Bhaibheri Shoko raMwari. Zvakanaka kuti tiite saBerea, (Mabasa Avapostori 17:11) vo vakange vane tsika yakanaka yokuti vakanzwa shoko “vainzvera Magwaro zuva rimwe nerimwe kuti vaone kana zvairehwa naPauro zvaiva izvo” here. “Chishuwa change chikuru ndechokuti Shoko raKristu rigare zvakakwana mamuri” (VaKorose 3:16).

Kana mucharangerira, muchinyorwa chapfuura ndakati ini pane zvinhu zvikuru zvakanakosha kwazvo zvaunofanira kuziva nokubatsisa somuKristu pose pose zvapo punenge watarisana neShoko raMwari.

**Chokutanga ndechichi:** Shoko raMwari ibenyu uye rine simba rose. “Nokuti Shoko raMwari ibenyu uye rine simba. rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi maviri, rinobaya kusvikira kunyange panoparadzana mwoyo nemweya, namafundo nemwongo; rinotonga mifungo nendangariro dzemwoyo. Hapana chisikwa chakavanzika pamberi paMwari” (VaHebheru 4:12). Mushoko raMwari ndimo muneuchi hwezvouvambo hwedenga. “Ani naani anonzwa shoko rangu uye achitenda uyo akandituma, ane upenyu husingaperi uye haachatongwi, abva murufu uye apinda muupenyu” (Johani 5:24).

**Chechpiri ndechichi:** 1Timoti 3:16, “Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari uye runobatsira pakudzidzisa kurayira, kutsiura, nokurairidza mukururama, rune chinangwa chokuti munhu waMwari akwaniswe kwazvo uye agadzirirwe mabasa ose akanaka.” Bhaibheri iShoko raMwari uye rakatwara nokutakura mifungo yaMwari. Nderechokwadi uye mariri muneupenyu hwakazara

nokufashukira. Achitsigirana namashoko iwaya mupositori Petro anoti: “munofanira kunzwisisa kuti chiporofita chorugwaro hachina kuuya nokungodudzira kwomuporofita pachake oga. Hakuna chiporofita chakauya nokuda kwomunhuwo zvake. Asi vanhu vakatura zvaibva kunaMwari vachisundwa neMweya Mutsvene” (2 Petro 1:20-21).

**Chechitatu ndechichi:** Bhaibheri rakaitirwa kuti [isu iwe neni savaKristu] tirame hupenyu hunetariro neramangwana (Jerimia 29:11). Mwari havadi uye havatarisiri kuti tirame upenyu hwoupenzi upofu uye husina ramangwana. “Nokuti zvole [zvole] zvakanorwa kare [mushoko raMwari] zvakaitirwa kuti zvitidzidzise isu, kuitira kuti isu, kubudikidza nokutsungirira nokukurudzira kwamagwaro tive netariro” (VaRoma 15:4). Achinyorerawo sangano ravaKorinde, Pauro anovarangeridza zvimwe chetezvo kuti zvole zvakanorwa nezvakaitika, “zvakanenge zviru muenzaniso kwatiri kuti tirige kuisa mwoyo yedu pazvinhu zvakaipa, [zvisina mature]...” (2 VaKorinde 10:6). Naizvozvo sokutaura kwatamboita pamusoro, Bhaibheri rakaitirwa kuti ritiswatudze, ritumbe kuti tive vakakwana pamabasa akanaka, kuti tirege kuisa mwoyo yedu pane zvisina maturo.

Muchinyorwa chino ndati timbotarira nokukuru-kura nyaya yakakosha uye iri pahwendefa yomwoyo wangu zvizhinji. Ndinoshuvira zvikuru kuti nhasi tipindure noku-davidza mubvunzo wagara uri pamiromo yavazhinji, zvikurusei vaKristu: Mubvunzo uyu ndowokuti “Nemhaka yei tichifanira kuda, kutsigira nokuropafadza nyika yaIsiraeri? Ndizvo here nhasi kuti nhasi tikoshese nyika yaIsiraeri muurongwa hwaMwari hwokuponesa nokuporesa nyika? Ndizvo here?”

Uyu mubvunzo wakanaka zvikuru uye ndichaupindura ndichishandisa Shoko reMwari sezvo ririro mhinduro yedu munyaya dzose dzokutenda....

### Tinowana Maropafadzo Kana Tikaropafadza Isiraeri

Mwari pavakaita chibvumirano chavo naAburahamu vakataura mashoko anokosha aya anotevera. “Ndicharopafadza vanokuropafadza, uye ndichatukawo vose vanokutuka, uye kuburikidza newe mhuri dzose dzapasi dzicharopafadzwa.” Mwari havana kungotaura naAburahama chete muchibvumirano ichi. Vainge vachinongedzerawo nekuzvizukuru zvaAbrahamu avo vari vaJudha vatinavo nhasi. Kana tikakomborera rudzi nenyika yaIsiraeri, Mwari vachatiropafadzawo. Kana tikatuka nyika yaIsiraeri navawo Mwari vachatituka. Naizvozvo tinorayirwa uye mhosvo huru heShoko nedyokuti tikomborere nyika yaIsiraeri uye navaJudha panyama kuti naivo Mwari vokudenga vatiropafadzewo. Mumashoko mamwe ataverenga pamusoro uye muhurukuro dzavo naIsaka naJacobho Mwari vakapa chivimbiso chamakomborero nemaropafadzo kunaani naani zvake acharopafadza nyika yaIsiraeri kana vaJudha. Naizvozvo kana uchida

(Inoenderera Mberi Papeji 6)

(Kubva Papeji 5)

maropafadzo akazakwatira kubva kuna Jehovah, ropafadza nekukomborerawo Isiraeri. Ndomamisirwe azvakaitwa.

### Tiri Nheyo DzeSungano YaMwari NaAbrahamu

“Pazuva iroro Mwari vakaita sungano naAbrahamu akati, Nyika iyi ndinoipa kuzvizvarwa zvako kubva kurwizi rwelJipita kusvikira kurwizi rukuru, Yufuretsi, nyika yavaKeni, navaKenazi...” (Genesisi 15:18). Nyika yaIsiraeri, vaJudha havana kupihwa kana kutemerwa nemunhu bodo. Vakapihwa naMwari senhaka yavo kusvika nariini. Ichi ndechimwe chisikanyatsonzwisiswa nevazhinji nhasi. Isiraeri inhaka kuvaJudha. Mune mamwe mavhesi Mwari vanotaura Israel imboni yeziso ravo uye kuti zita rake rakanyorwa pachanza chavo zvichireva izvo kuti mukushanda kwaMwari nevanhu uye kuti kana voda kutaura nekuzviratidza kupasi rose nyika Isiraeri ari pamberi. Sezvandambotaura Isiraeri ndiro dangwe mukushanda kwaMwari nevanhu uye muzvinangwa zvavo zvokuponesa nyika dzose. Hama yangu Isiraeri ndiye mukoma wako neni. Mushoko ravo pano nepapo, sezvamboreva pamusoro Mwari vanoburitsa pachena kuti uyo anoropafadza Isiraeri dangwe ravo naye anoropafadzawo. Uyo anotuka Isiraeri naye anotukwawo naJehovah Mwari baba vedu tose. Asika tiri semhuri yaMwari dangwe muimba yedu ndiIsiraeri. Chinhu chinodifadza zvikuru ndechokuti nesuwo savaHedheni nokuda kweropa rakadeuka raJesu takabatanidzirwawo muumambo nema-komborero aIsiraeri (VaEfeso 2:11-13).

### Takagamuchidzwa Makomborero Makuru Kubva kuvaJudha

Kubva kurudzi rwaIsiraeri pane zvinhu zvikuru zvakakosha zvatakawana nokupihwa. Takawana nhaka hurusa iri ndarama kubva kudangwe redu Isiraeri. Paukama hwakange hwaputsika Isiraeri akave chimhutsamapfihwa chikuru. Izvo zvatakawana kubva kuva Judha ndezvizvi zvinotevera:

1. Bhaibheri Shoko raMwari. 2Timoti 3:16-17, “Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari uye runobatsira pakudzidzisa kurayira, kutsiura, nokurairidza mukururama, rune chinangwa chokuti munhu waMwari akwaniswe kwazvo uye agadzirirwe mabasa ose akanaka.”

2. Takawana vaporofita, vakaita savana Isaiah, Jeremiah, Moses, Ezekieri nevamwe vakawanda rufaya. “Uye tine shoko ravaprofita rakasimba kwazvo uye muchaita zvakana kuti muri teerere, rakaita sechiedza chinovenekera murima, kusvikira utonga hwatsvuka uye nyamasase ichibuda mumwoyo yenyu. Pamusoro pazvo zvose, munofanira kunzwisisa kuti hakuna chiprofita choRugwaro chakauya nokungodudzira kwomprofita pachake oga. Nokuti hakuna chiprofita chakatongouya nokuda kwomunhu, asi vanhu vakataura zvaibva kuna Mwari vachisundwa noMweya Mutsvene” (2 Petro 1:19-21).

3. Vabereki vaJesu, Josefa naMaria. Ukaverenga

mubhuka yaMateo kana yaRuka uchaona kuti murungano rwerudzi rwaJesu, Maria naJoseph vaiva verudzi rwaJudha, mwanakomana waJakobho [Isiraeri].

4. Muponesi wedu Jesu Kristu. Mateo 3:16-17, “Jesu angobhabhatidzwa, akabuda mumvura. Panguva iyoyo denga rakazaruka, uye akaona Mweya waMwari uchiburuka senjiva uye ukasvikogara paari. Inzwi rakabva kudenga richiti, ‘Uyu ndiye Mwanakomana wangu, wandinofarira zvikuru.’”

5. Takawana vadzidzi vane gumi nevaviri. Mateo 10:2-5, “Zvino aya ndiwo mazita avapositiona gumi navaviri: woku-tanga ndiPetro nomunin’ina wake Andrew, Jakobho mwanakomana waZebhedi nominin’ina wake Johani, Firipi naBhatoromeo, Thomasi naMateo muteresi, Jakobho mwanakomana waArifeo naTedi; Simoni maZiroti naJudhasi Isikarioti uyo akazomupandikira.” Ndivo vakava nheyo pakavakirwa Kereke yaKristu. 1 Johani 1:1-5, “Izvo zvakanga zviripo kubva pakutanga, izvo zvatanzwa, zvatakaona nameso edu, zvatakatarira uye zvatakabata namaoko edu, izvozvi ndizvo zvatinoparidza zveShoko roupenyu. Upenyu hwakaonekwa; takahuona uye tikapupura nezvahwo, uye tinoparidza kwamuri upenyu husingaperi, hwakanga huri muna Baba uye hwakararidzwa kwatiri. Tinoparidza kwamuri zvatakaona nezvatakanzwa, kuti nemiwo mugowadzana nesu. Uye tinowadzana naBaba noMwanakomana wavo, Jesu Kristu. Tiri kunyora izvi kuti mufaro wedu uzadzikiswe. Iyi ndiyo Mharidzo yatakanzwa kwaari uye yatinoparidza kwamuri kuti: Mwari ndiye chiedza; maari maari rima zvachose.”

6. Vapositiona, vakaita savanna Pauro, Petro, Jakobho uye Stefani. “Nokuti [isu] hatina kutevera ngano dzakarukwa nouchenjiri, patakakuudzai nezvesimba nokuuya kwaIshe wedu Jesu Kristu, asi takanga tiri zvapupu zvakaona kubwinya kwake. Nokuti akagamuchira kukudzwa nokubwinya kwakabva kuna Mwari Baba vake pakauya inzwi richibva kudenga mukubwinya kukuru richiti, ‘Uyu ndiye Mwanakomana wangu, wandinoda; wandinofarira kwazvo.’ Isu pachedu takanzwa iri rakabva kudenga patakange tinaye pagomo dzvene” (2 Petro 1:16-18). Naizvozvo nemhaka yeizvezvi zvose zvatakawana tinofanira kuda, kuropafadza uye kutenda rudzi rwaIsiraeri nemakomborero aya atakagamuchidzwa. Achinyorera kereke yavaEfeso muchitsauko chechipiri mupositori anopedzisa neaya mamnzwi, “Saka [imi vaHedheni] humuchisiri vatorwa navaenzi, asi vagari pamwe chete navanhu vaMwari uye neveimba yaMwari, makavakwa panheyo dzavapositiona navaprofita, naKristu Jesu pachake ari dombo rapakona. Maari imba yose yakabatanidzwa pamwe chete uye inokura kuti ive temberi tsvene muna She. Uye maari nemiwo makavakwa pamwe chete kuti muve ugaro hwaMwari muMweya” (2:19-20).

### Tinorayirwa NeShoko Kunyengeterera Jerusarema

Bhuku yavaPisarema inotipazve chimwe chikonzero nei tichifanira kuropafadza Isiraeri: Pana vaPisarema chitsauko 122 Shoko raMwari rinotirayira kunyengeterera



guta dzvene reZion [Jerusarema]. “Nyengeterera rugare rweJerusarem: ‘Vanokuda [iwe Jerusarema] dai vagara zvakanaka.’ Dai mukati mamasvingo ako maita rugare, nokuchengetedzeka mukati menhare dzako. Nokuda kwehama neshamwari dzangu, ndichati, ‘Rugare mukati mako (iwe Jerusarema).’ Nokuda kweimba yaJehovha Mwari wedu, ndichatsvaga kubudirira kwako” (VaPisarema 122:6). Apa hapana sarudzo, hurukuro kana hurukuro, kutongoita sokureva kweShoko. Muchinyorwa chimwecho wazviona here nhai muverengi wangu kuti pane kuropafadzwa kukuru kuripo kuavo vanonyengeterera kuti reJerusarema. Zvino kana Shoko richipa zvivimbiso zvakadai unga rega here kunyengeterera Jerusarema uye rudzi rwaIsiraeri?

### Tiri Nharire DzeJerusarema

Chimwezve chikonzero nei tichifanira kuropafadza Isiraeri ndechokuti, isu savatendi takaitwa nharire yeguta reJerusarema. Isaya 62:1-2, 6-7, “*Nokuda kweZion handinganyarari, nokuda kweJerusarema handingarambi ndinyerere, kusvikira kururama kwake kwapenya samambakwedza, noruponeso rwake somwenje unopfuta. Ndudzi dzose dzichaona kurururama kwako, namadzimambo ose achaona kubwinya kwako, uye [Jerusarema] iwe uchaidzwa nezita idzva... Ndakagadzwa nharire pamasvingo ako, iwe Jerusarema; havangambonyarari masikati kana usiku.... Imi munodana kuna Jehovha, musazorore, uye musamupa zororo kusvikira asimbisa Jerusarema, uye ariita rumbidzo yenyika.*” Iwe neni senharire dzakaiswa naMwari pamasvingo eZioni uyu ndiwo unofanira kuva munamato wedu, “*Nokuda kweZion handinganyarari, nokuda kweJerusarema handingarambi ndinyerere, kusvikira kururama kwake kwapenya samambakwedza, noruponeso rwake somwenje unopfuta....*”

## Zviratidzo Zvokudzoka Kwashe Wedu

*NaDavid Reagan*

Kuna VaHebheru 10:25 tinoudzwa kunzi tinofanira “*kukurudzirana zvikuru sei sezvo nguva yoswedera.*” Nyaya iri mudariro ndeyekudzoka rwepiri kwaShe wedu Jesu Kristu. Chinyorwa ichi chinoburitsa pachena kuti tinokwanisa kuziva mwaka wokudzoka kwaShe Jesu uye kuti pane zvinobatika zvichaoneka kutichenjedza kukudzoka nokuchimbizika kwaShe wedu Jesu. Ko zvinhu izvi ndezvipiko? Zviratidzo zvipi zvatinouzwiwa neBhaibheri Shoko raMwari kuti tizvitarisise?

Pane zvirakidzo zvakananda uye nenzira dzakawanda dzeizvi zvirakidzo [zvokudzoka kwake rwepiri]. Zvakare zvirakidzo izvi zvakanandisa zvokuti zvimwe hatinga goni kuzvibatisisa zvose. Zvinodzoka zvoshamisa [nokukatyamadza]. Chakanaka chandawana chatingaita

kuzviunganidza muzvikwata zvikwata pasi pemisoro yakatandamukei. Ngatimbozvitirira mumarongerero iwayo.

### Minongedzo Yezvemamiriro Okunze

“*Kuchava nokudengenyeka kukuru, nzara nehosha kunzvimbo dzakasiyana siyana. Kuchava nezviratidzo pazuva, pamwedzi nepanyeredzi. Panyika, ndudzi dzichatambudzika uye dzichakanganiswa nokutinhira uye nam-saisai egungwa...*” (Ruka 21:11).

Bandiko iri rezvirakidzo ragara risinganyatso remekedzwa, kana pakati pavatendi. Kakungodoma chete zvirakidzo izvi, kunosimudza kufinyama nemahonyera anoperekedzwa nemashoko okuti, “Aaah hapana zvitsva apa. Kwagara kwanga kune kudengenyeka kwenyika nezvamupupuri wani.” Asika muono uyu unokoshiwa kuti Jesu vakati anenge ari mavambo okurwadza (Mateo 24:8). Zvinoreva izvo kuti marwadzo anenge achikwirira patinenge tichswedera kukuuya kwaKristu. Namamwe manzwi kuchava nouwandu hwakawedzera kwamawadzo. Izvi ndizvo zviru kuitika mazvirokwazvo.

### Minongedzo Yezvomunyika

Jesu vakati vachadzokazve rwepiri apo nyika inenge yafanana “*namazuva aNoah*” (Mateo 24:37). Magwaro Matsvene Akare anotiudza kuti nguva yaNoah yaive nouipi, mhirizhonga uye kurwisana nemhaka yokuti mafungiro omunhu aive akango tairisira pachivi.

VaRoma 1:18-32 inopawo tsananguro inotswinya [pamwoyo] yenyika yaive yotuhwina mukusarurama. Muchinyorwa chimwe chetecho Mupositori Pauro anoti iye chikonzero chematambudziko ose iwaya kwaive kurambwa kwaMwari nevanhu. “*Vakatsinhanisa zvokwadi yaMwari nenhema vakanamata uye nekushumira zvisikwa panzvimbo yoMusiki iye onokudzwa nokusingaperiperi. Amen!*” (1:25). Namamwe manzwi vanoisa kutenda kwavo pamunhu, vanokotamira kune zvoumunhu, chinova chitendero chaSatani.

Mupositori Pauro anoti iye nemhaka yokuti vanhu vakafuratira Mwari, naivowo Mwari vanoregedzera kuipa uye “*Mwari akavaisa kuzvishuwo zvakaipa zvemwoyo yavo, zvokuzvisvibisa noupombwe kuti vazvidze miviri yavo pakati pavo*” (1:24). Mubairo wakave mukondombera mukuru woupombwe, ufeve [pamwe] noupfambi.

[Vanhu] Pavakaramba vachinamata zvidhori uye nokusazvibata, Mwari vakabvisa ruoko rwavo rwedzi-viriro pakazvakaipa uye “*Mwari akavaisa kukuchiva kwavo kunonyadzisa*” (1:26). Mubairo wakave chirwere choungochani [murume anochiva mumwe murume kana mukadzi anochiva mumwewo mukadzi], izvo zvakanokonzeresa zvirwere zvikuru zvinotyisa nemhaka yokuti varume “*vakasiya zvakasikirwa paukama hwavo nevakadzi uye vakatsva noruchiva mumwe kunomumwe murume*” (1:27).

*(Inoenderera Mberi Papeji 8)*

(Kubva Papeji 7)

Hungochani pahwakaramba huchidya mumweya yevahu nyika yakanyura mumadhaka ohuipi hukurusa. Vanhu vakazadziwa nekuchiva, godo, humbavha, kuzvikudza, misikanzwa uye nokunyengetera zvidhori. Izvi zvakaonekwa nokukura kwezviito zvisina kururama (1:28-31).

Mutsamba yake yepiri kuna 2Timoti chitsauko 3:1-5 Pauro anotaure somuporofita, achishandisa manzwi akafanana nookuvaRoma, achitiudza kuti nyika kumapedzisiro inenge yakamira sei. Mumashoko mamwe chetewo anotsigirira kumashoko aKristu okuti [Kristu] paanodzoka nyika inenge yadzokerazve kumazuva aNoah.

Pauro agoti iye nyika yokumapedzisiro ichava noku-tambudzika kukurusa pamweya. Ichava nyika apo vanhu vachadisisa zvinhu izvi zvitatu: Kuzvida pachavo, Kuda mari, uye nokuvavarira kuzvifadza. *“Asi uzive chinhu ichi: Kuchava nenguva dzokutambudzika pamuzuva okupedzisira. Vanhu vachava vanozvida, vanoda mari, vanokuzvirumbidza, vanozvikudza, vanotuka, vasingateereri vabereki, vasingatendi, vasina utsvene, vasina rudo, vasingaregereri, vanochera vamwe, vasingazvidzori, vane utsinye, vasingadi zvinhu zvakanaka, vanomukira, vanoita manyawi, vanonyengera, vanoda kuzvifadza nezvenyika kupfuura Mwari; vanomufananidzo bedzi wokunamata Mwari, asi vachiramba simba racho. Siyana navanhu ivavo”* (2 Timoti 3:1-4). Chinongedzerw naPauro pano chitendero, chimwari uye mararamiro enyika yokupedzisira.

Chitendero chinenge chafanana nechomunguva yaNoah. Kunenge kwave kunamatwa Humunhu [Humanism], uye pave nokuzvida. Kana chitendero chikava choHumunhu, chinamoto chinenge chave chokuzviunganidzira upfumi, kukura Mari. Kana kuzviunganidzira upfumi kukatonga, hana dzavanhu mararamiro anoshanduka kuva akan’ora, nokudazvifadza.

Mhando nhatu idzi dzokuda zvakaipa, **kuzvida, kuda mari** uye **kuzvifadza** zvinoumba pamwe chete chitendero chinonzi nechirungu **nihilism**. Uyu mubairo weizvo zvatinodyara [pamweya]. Shoko rinoti tinopupura zvitinodyara (VaGaratia 6:7), nokuti pupuro yehumunhu, kuzviunganidzira nekun’ora ndiyo nihilism – kupupura mhopo.

Pauro anotsanangura mubairo uyu nenzira inokatyamadza zvikuru, *“Vanhu vachava vanozvida, vanoda mari, vanokuzvirumbidza, vanozvikudza, vanotuka, vasingateereri vabereki, vasingatendi, vasina utsvene, vasina rudo, vasingaregereri, vanochera vamwe, vasingazvidzori, vane utsinye, vasingadi zvinhu zvakanaka, vanomukira, vanoita manyawi, vanonyengera, vanoda kuzvifadza nezvenyika kupfuura Mwari”* (2Timoti 3:2-4).

Urikuzvinzwa here nhai mudikani? Zvinoita sekunge uri kuverenga bephanhau ranhasi nhai?

Tinozviidza isu nyika yavaKristu, asi chinotonga-tonga mukati medu chaizvo-izvo chitendero choHumunhu

[Humanism]. Mapariyamende edu, matare edu edzimhosva, vatungamiri, vamiririri vedu uye nezvikoro zvedu zvave kutongwa nevanhu venuHumunhu [Humanists].

Tave nyika yakazara *vanhu* vokuzviunganidzira vanonamata mari. Kukara ndiwo manyukunyuku, ezvose zvatinaita kungave kushanda, kutonga, kunamata, uye nemitambo. Tsumo ingori pamuromo yedu ndeyokuti. *“Kana ukanzwa zvichiita, ita.”*

Iko zvino tave kupupura zvatakadyara. Nyika yedu yave chamunyorududu muupfambi, kudhakwa, muzvinodhaka uyemvongamvonga nokuda kwokutsvaka kwezu zvinofadza mweya yedu. Uporofita huri kuzadzikiswa pamberi pedu – uye Jesu varikudzokazve nokuchimbidza.

### Minongedzo Pamweya

Pane zviratidzo pamweya zvatingatarira zvimwe zvakanaka, zvimwewo ndozvakaipa.

Pamusoro pezvakaipa, tsigiro inobva pazvinyorwa izvi zvinotevera, anobva pana 2Timoti wechipiri chitsauko 4:3-4, *“...Nokuti nguva ichasvika apo vanhu vacharamba kuteerera dzidziso dzakarurama. Asi vachida zvinovafadza ivo, vachizviunganidzira vadzidzisi vazhinji kuti vadzidzise zvinodiwa nenzeve dzavo. Vachafuratidza nzeve dzavo kuchokwadi uye vachatsaukira kungano.”*

Zvimwezve zvirakidzo zvokudzokera kumashure pamweya izvo zvakaporofitwa zvinosanganisira izvi, vakakristu vamaneyepo, kunamata wakaipa, kuzvitsaura, dzidziso dzenhema, kufungidzirana zvisina mature, nekushungurudzwa. Icho chakaramba chichidzokorodzwa naJesu vaporofita venhema uye nezvikwata zvavo zvichitendero zvinengozi (Mateo 24:5, 11, 24). Mukuzadzikisa kwavose izvi tose tiri kungozvionawo kuti zvave rufaya, mavhu nemarara.

Zvichakangodaro, maKereke aye okutangisisa nowo apindwa nekurasika pamagwaro. Mazhinji maKereke akare orasa simba reShoko raMwari. Mamwe oramba Ivhangeri yakare yomuchinjikwa vachigamuchira yanhasi yokupfuma neutano hwakanaka husingaperi uye nesimba. Makereke mazhinji orasa kuparidzwa kweivhangeri vachinoparidza kuembedzerwa kwomweya kuti vasagumbure vamwe vanhu, asi zviri pachena kuti murudo tinofanira kunongedzera vanhu zvivi zvavo tichiva nongedzera kukutenda kuna Jesu Kristu anova ndiye tariro yedu. Uye vanofanira kudzidziswa kuti vaere zvinhu zvose maringe neshoko raMwari sezvaitwa nevepaBeria mudzidziso dzavapositora.

MaKristu ezvokwadi – Ayo anorarama zvavanotenda, vachitsoropodzesa kushaikwa kwoumwari, vachimira pakururama – vari kushungurudzwa zvikuru. Kodzero dzavo dziri kurambwa muzvikoro. Vari kusarurwa kumabasa kwavo, zvichida mukutsvaga mabasa kana kusimudzirwa. Varikumhurwa nevedzinhefenyuro kana vemapepanhau.

Satani arikudzva zvinehasha hurusa. Anoziva kuza-dzikiswa kwechiporofita cheBhaibheri uye kuti nguva yake



yave shomana. Ari kutsatsabvura Kereke nehasha hurusa. Ozviyanika pachena kubudikidza nezvinamato zvesatanism [kunamata Satani pachake]. Chinamato cheSatanism chiratidzo chikurusa. Uku kurasa vanhu kukurusa. Dzidziso dzeSatanism dzozara muzvinyorwa, mumufananidzo, muzvirongwa zvepaterevhizheni nemudzimbo. Vazhinji varikufadzwa nokuyemura kuuka, un'anga, kutaura nevakafa nemamwewo maamatiro akarasika.

Ndambokuyambirai nezviratidzo zvedzorera shure ndichikomekedzesa kuti ichi chiratidzo chenyika yave kurwarisissa pamweya. Ngatitarirei rimwe divi reizvo zvakanaka zviri kuitika mumweya.

Chokutanga, ndechokuparidzwa kweIvhangeri pasi rose. Izvi zviri kuzadzikiswa nhasi kubudikidza nemichina yemazuva ano yakaita nemaradhio, matelevision uye namakombiyuta. Nokuda kworuzivo rwamakombiyuta, Shoko rave kushandururirwa mundimi dzakawanda zvikurusa. Chimweze chinofadza inzwisiso pachiporofita cheBhaibheri. Zviporofita zvizhinji zvingva yokupedzisira hazvina kunzwisisiska navanhu kusanganisira naivo vaporofita. Muenzaniso mukuru ndowamuporofita Dhanieri. Kana naye akatokatyamadzwawo nezviporofita zvinguva yokupedzisira zvaakaoneswa. Paakatsvapisisa pamusoro pazvo Mwari vakayambira kuti asafunganye pamusoro pazvo, “*Asi iwe, Dhanieri, vhara uye uname mashoko orugwaro urwu kusvikira pamazuva okupedzisira. Vazhinji vachaenda kwose kwose kuti vawedzere zivo dzavo....*” (Dhanieri 12:4, 9).

Apo toswedera zvisihoma nezvisihoma kuzuva rokudzoka kwaIshe wedu, tave kunzwisisa chiporofita ichi chiri muShoko raMwari. Kumwe kunzwisisa kuri kukonzerwa nezvatiri kuona zvichiitika pasi rose nhasi, zvakaananana nokuvapo kwenyika yeIsiraeri [mushure memakore ane zviuru zviriri vaparadzirirwa mupasi rose]. Asika kumwewo kunzwisisa kuri kukonzerwa nekuvhuririrwa kuri kuitwa naMweya Mutsvene – kwete kuvhuririrwa pazvinhu zvitsva asi [kuti] nenyasha tiri kuvhurirwa pane izvo zvanga zvagara zvirimo muShoko raMwari. Kudururwa kukuru kwoMweya Mutsvene kwokuguma sokuporofita kwamuporofita Jowero makare kare nakwowo kwatanga. Muporofita Jowero anoti iyi imvura “*yokupedzisira mukururama*” uye anoti zvakare izvi zvichaitika mushure mokunge vaJudha vadzokera munyika yavo. Nyika yeIsiraeri yakavapo mugore ra1948. Kubva panguva iyoyi Mwari vakazodza ushumiri huzhinji uye namamwe masangano izvo zvakanonzerwa kuti kuve nokunyengetera uye kuchipawo mukana wokufambira mberi kwezvipvo zvoMweya Mutsvene.

### Zviratidzo Zvematomongerwo Enyika

“*Muchanzwa nezvehondo uye neguhu rehondo asi chenjererai kuti murege kuvhundutswa. Zvinhu zvakadaro zvinofanira kuitika asi kuguma kunenge kusati kwasvika. Nokuti rudzi ruchamukira rumwe rudzi noumambo*

*huchamukirawo humwe humambo. Kuchava nokudengenyeke kwenyika munzvimbo dzakasiyana-siyana. Asi zvose izvi mavambo okurwadziwa kwokubereka*” (Mateo 24:6-8).

Ndakambova mudzidzisi wezvematomongerwo enyika ndisati ndapinda muushumiri, saka iyi indima inonditekenyedza zvikuru. Zviporofita zveShoko zvinoburitsa pachena nezvichavapo mupasi rose maringe nezvematomongerwo enyika [politics] Muchiporofita nyika yeIsiraeri inoonekwa ichivapo yakazvimiririra (Ezekia 37:21-22) asiwo yakatendenedzwa nevakidzani vanovavarira kuitutsira pasi (Ezekia 35:1-36:7). Ichi ndicho chimiro chakavapo munzvimbo yeMiddle East kubvira pakapiwa Isiraeri kuzvitonga kwayo kuzere muna May wegore ra1948.

Muvengi mukuru anodomwa kuti achanetsa Isiraeri zvikuru, inyika inesimba gurusa iri nechokuchamhembe [north] kweIsiraeri (Ezekia 38:6). Matsanangurirwe anoitwa nyika iyi muchitsauko 38 anoita sokuti inyika iyi ndeyeRussia. Mubatanidzwa wenyika dzemuYurophu nawo akaporofitwawo (Dhanieri 7:7-8, 24).

Nyika zhinji dzichazivikanwa nehondo uye neguhu rehondo (Mateo 24:6). Nyika zhinji dzichashungurudzwa nokusanzwisisana muzvematomongerwo enyika izvo zvizhatungamirirawo mukumukirana kwemadzimambo. Kusarurama kuchawanikwa kwose kwose (Mateo 24:12) izvo zviri kusadzikiswa nekumuka kwougandanga mazuva ano. Chokwadi zvave pachena kuti tiri kurarama munyika apo zvinhu zvose zvokupedzisira zvava kusangana pamwe chete sokutaura kweShoko.

### Chiratidzo Chenyika YeIsiraeri

“*Ndichaita kuti Jerusarema rive mukombe unodzedzereza ndudzi dzos dzavanhu vakapotererdza. Judha achakombwa pamwe chete neJerusarema. Pazuva iro, ndudzi dzose dzenyika padzichaungana kuti ririrwise ndichaita kuti Jerusarema rive ibwe risingazungunuswi kundudzi dzose. Vose vachaedza kurizungunusa vachazvikuvadza*” (Zekaria 12:3).

Zviratidzo zvine chekuita nenyika yeIsiraeri ndizvo zvakanonzerwa kukuru nemhaka yokuti vaJudha ndiwo chiringiro chuporofita hwaMwari. Zvandinoreva pano ndezvizvi; Magwaro nguva zhinji anobatanidzira chiporofita chemberi nechimwe chiitiko chonibata kuvaJudha. Tinoudzwa kuti titarire kuvaJudha uyezve kuti kana chakaporofitwa chiya choitika pamusoro pavo, tinova nechokwadi kuti zviyawo zvalaporofitwa zvava kuzoitika.

Mufananidzo mukuru tinouwana mubhuku yaRuka chitsauko 21:24 apo Jesu vanoporofitawo kuti vaJudha vaizoparadzirwa ubva muguta reJerusarema. Aska Jesu anowedzera achiti iye nerimwe zuva vachazodzoka vagotora guta reJerusarema, uye vakati kana zvose izvi zvoitika, zviratidzo zvokupedzisira izvi zvinenge zvonongedzera kukudzoka kwake rwepiri. “*Kuchava nenhamo huru* (Inoenderera Mberi Papeji 10)

(Kubva Papeji 9)

*munyika, nokutsamwa pamusoro porudzi urwu. [VaJudha] Vachaurawa nemunondo uye vachaitwa vasungwa kundudzi dzose. Jerusarema richatsikwa navaHedheni kusvikra nguva dzavaHedheni dzazadziwa.*”

Pane zviporofita pamusoro pavaJudha zvomunguva yokupedzisira zvave kuzadzikiswa iko zvino; asika pane zvimwe zvina zvakakosha zvikuru. Chokutanga ndechokudzoka kwavo asi vasingatendi: (Isaya 11:11-12) *“Pazuva iro Jehovha achatambanudza ruoko rwake kechipiri kuti adzorezve vakasara ivo vanhu vake vasiwa kubva kuAsiria, kubva zasi kwelJipita, nokubva kumusoro kwelJipita nokubva kuEtiopia, nokubva kuEramu, nokubva kuBhabhironi, nokuHamati uye nokubva kuzviwi zvegungwa. Achasimudzira marudzi mureza uye achaunganidza vakadzingwa vaIsiraeri; achaunganidza vakaparadzirwa vavanhu veJudha, kubva kumativi mana enyika.”* Mugore ra 1900munyika yePalestine maive namaJudha anosvika 40,000. Pakazonopera Hondo Yepiri [Second World World] vaJudha vakange vave 800,000. Kutaura kuno nhasi vaJudha vanobva kunyika dzakasiyana-siyana vave nechiverengo chinovika 5.8 mirioni.

Muporofita Jeremiah vanotaura kaviri vachiti kana rungano rwave kunopetwa, vaJudha vacharangerira vagobvuma kuti kuunganidzwazve kwavo chishamiso chikuru kupfuura kubuda kwavo mmuranda hweJipita. *“Kunyange zvakadaro mazuva anouya ndizvo zvinotaura Jehovha, avasingazotizve ‘NaJehovah mupenyu akaburitsa vaIsiraeri mulJipita’, asi vachiti ‘NaJehovah mupenyu iye akabudisa vaIsiraeri kubva kunyika yokumusoro uye nokubva kunyika dzose dzaakanga avadzingira. Nokuti ndichavadzorera kunyika yandakapa madzitateguru avo’”* (Jeremia 16:14-15). Chokwadi tave kurarama munguva inofadza zvikuru.

Chechipiri chikurusa ndeizvo zvakaitika nokuda kwokudzorerwazve munyika yavo. Kudzorerwazve kwavo kwakaitika musi wa14 May mugore ra 1948 (Isaya 66:7-8). *“Asati arwadziwa nemimba anosununguka; kurwadza kusati kwaiya pamusoro pake anosununguka mwanakomana. Ndiani akambonzwa chinhu chakadai? Ndiani akamboona chinhu chakadai? Ko nyika ingazvarwa pazuva rimwe chete here? Kana rudzi rungazwara pakarepo here? Kunyange zvakadaro, Zioni rakangoti kurwadziwa, pakarepo ndokubereka vana varo.”*

Marerano nokuvapo kwenyika yeIsiraeri, Jesu vanoudza vadzidzi vavo kuti vadzidze kubva “pamuti wemuonde,” nemhaka yokuti paunenge wopfava matavi awo uye mashizha awo otunga zvose zvakaporofitwa zvenguva yokuguma zvinenge zvava pedyo kuzadzikiswa (Mateo 24:32-34). *“Zvino dzidzai chidzidzo ichi kubva pamuonde: Panopfava matavi awo uye mashizha awo otungira, munoziva kuti zhizha rava pedyo. Saizvozvowo, nemiwo pamunoona zvinhu zvose izvi [kusanganisira zvose zvatadoma pamusoro] muzive kuti nguva yangu yave pedyo,*

*yava pamusiwo. Ndinokuudzai chokwadi kuti rudzi urwu harungatongopfuuri kusvikira zvinhu zvose izvi zvaitika.”* Muti wemuonde ndemumwe munongedzo unomiririra Isiraeri mumagwaro [verenga Hosea 9:10; Jeremia 24:1-10; Joere 1:7].

Nezuva rakange rapfuura apo akange achifamba hake nevadzidzi vake, Jesu akaona muonde muti wemuonde wakanga usina michero pauri. Akaunongedzera nokuutuka. Pakarepo muti wemuonde wakabva wasvava (Mateo 21:19). Chiitiko ichi waive chiporofita chainongedzera hashha dzaMwari idzo dzaizodururwa pamusoro penyika yaIsiraeri nemhosva yokuramba kwavo Mesiya wavo.

Nerechimangwana racho Jesu vakazono taurazve nezvemuond vachiti vadzidzi vatarire kwairi, nokuti nerimwezve zuva waizotungirazve. Anowedzera achiti *“Ndinokuudzai chokwadi kuti rudzi urwu harungatongopfuuri kusvikira zvinhu zvose izvi zvaitika”* (Mateo 24:34).

Zvechokwadiwo muti wemuonde uyu wakazotungazve nomusi wa14 May mugore ra1948.

Tiri rudzi rune rombo rakanaka isu tiri kuzviona izvi nhasi. Chimwezve chetatu chiporofita chakakosha ndechokupambwa kweguta reJerusarema izvo zvakaitika musi wa 7 Chikunguru mugore ra 1967, munguva yehondo inokatyamadza inozivikanwa nokunzi Six Day War (Verenga Zekaria 8:4-8).

Muhurukuro imwe chete Jesu anoudza vateveri vake kuti vatarire guta reJerusarema. Vanoporofita vachiti, *“[VaJudha] Vachaurawa nemunondo uye vachaitwa vasungwa kundudzi dzose.”* Vagoenderera mberi vachiti, *“Jerusarema richatsikwa navaHedheni kusvikra nguva dzavaHedheni dzazadziwa”* (Ruka 21:24).

Makore makumi akatevera mushure memashoko iwaya, chikamu chokutanga chechiporofita ichi chakazadzikiswa apo vaRoma vakapamba nyika yeIsiraeri vakaparadzira vaJudha pasi rose. Jerusarema raabva mumaoko evaRoma ndokuenda muruoko rwamaByzantines, uye kubva kuva Arabhu, maCrusaders, vaMamelukes, Nyika yeTurky, Brataniya uye rikazogumisira rave mumaoko eJordan.

Kwemakore anokwana chiuru nemazana masere ane makumi mapfumbamwe ane makore manomwe [1,897] Jerusarema raive pasi pevaHedheni. Kusunungurwa kwaro kwazouya musi wa 7 Chikunguru mugore ra 1967. Hechinoi chirakidzo chokuti nguva yave shomana.

Chiporofita chakakosha chechina ndeicho chatiri kuona chichizadzikiswa nhasi – kupisika kwezvematongerwo enyika panyika yeIsiraeri (Zekaria 12:2-3). *“Ndichaita kuti Jerusarema rive mukombe unodzederesa ndudzi dzose dzavanhu vakapotererdza. Judha achakombwa pamwe chete neJerusarema. Pazuva iro, ndudzi dzose dzenyika padzichaungana kuti ririrwise ndichaita kuti Jerusarema rive ibwe risingazungunuswi kundudzi dzose. Vose vachaedza kurizungunusa vachazvikuvadza.”* Nyika dzose pasi rose, kusanganisira nenyika yeUnited States of America dzave kutsirana nyika yeIsiraeri

pamusoro peguta ravo guru – gutu reJerusarema. Nyika yavaRoma Vatican inoda kuti guta iri rive pasi pavo. Sangano reunited nations rinodawo kutiJerusarema rive guta repasi rose. Nyika dzemuYurophu ne United Staes nadzow dziri kushishinikira kuti Jerusarema ritsemurirwe pakati pava Judha namaArabhu. Aawo vaArabhu vanotorida rose.

### Wakagadzirira Here?

Mwari munyasha netsitsi dzavo varikutipa minongedzo yakawanda zvikurusa kuti gadzirira kukudzoka kweMwanakomana wavo rwepiri. Chiporofita chiri kuza-dziswa zuva nezuva pamberi pdeu. Jesu vanoti ivo pana Ruka 21:28, *“Panotanga kuitika zvinhu izvi mumire mugosimudza misoro yenyu, nokuti dzikinuro yenyu yoswederu.”*

Mwaka uyu wasvika ikozvino. Tave kurarama munyasha shomana. Naizvozvo pana Ruka chitsauko 12:35-37 kuti – *“Zvishongedzei mugadzirira kushanda uye mwenje yenyu igare ichipfuta, savanhu vakarindira kudzoka kwatenzi wavo kubva kumuchato, kuitira kuti paanouya akagogodza, vagone kukurumidza kumuzarurira mukova. Zvichava zvakanaka kuvaranda avo vachawanikwa natenzi wavo vakarindira paanodzoka. Ndinokuudzai chokwadi kuti achazvishongedza iye pachake kuti ashande, achiita kuti vagare patafura agouya avashandire.”*

– Chinyorwa ichi chakaburwa kubva muzvinyorwa zva David R. Reagan kusanganisira mabhuku maviri anoti *“The Master Plan”* uye nerimwezve rinonzi *“Living On Borrowed Time”* ose akadhindwa neve Lamp and Light Ministries. Ose akashandiswa zvine mvumo. Dr. Reagan vanoshumira somuvhangri neve Lamb and Lion Ministries, muMcKinney, Texas munyika yeUnited States of America.

## “Batisisa!”...Ishe

### Varikuuya Nokukurumidza

*NaG. Campbell Morgan*

Hariziri simba guru kana hwakawanda upfumi zviri kudanzirwa naKristu kukereke yake mazuvano asati adzoka kudai. Chiri kudiwa kuvimbika kukuru kwaari uye kuteerera kukuda kwake uye nokupinda kumikana yebasa yaanotipa.

Vachinyorera Kereke yePhiladelphia (Zvakazarurwa 3:7-13). Kristu havana mashoko mazhinji avanotaura, kunze kwokutenda nedanidziro, yokuchengetedzwa kwavo kubva kudzinjodzi nokuidzwa kuri kuuya mupasi rose. Ngatimbonyatsotarisisa kuti nemhaka yeiko Kereke iyi yakawanikwa yakakodzera kupiwa aya manzwi edanidziro nemubairo kubva kuna Kristu.

Philadelphia yaive Kereke yanga yakangofanana

nemamwe makereke enguva iyoyo, ayo airarama pakati-kati pouori hwouhedheni uye yakatendenedzwa memasimba aivavarira kumedza masangano ose aitenda munaJesu Kristu – uyo ari Kumuka Kuvakafa. Zvisinei zvazvo, kwairi, Ishe vanozvidanidzira mabatirwo ebasa muumambo noutongi hwavo:

*“Aya ndiwo mashoko aiye Mutsvene uye wechokwadi, iye akabata kiyi yaDhavhidha. Chaano-zarura hakuna munhu anopfiga, chaanopfiga hakuna munhu anochizarura. Ndinoziva mabasa oko. Tarira, ndaisa pamberi pako mukova wakazaruka usingagoni kupfigwa nomunhu. Ndinoziva kuti une simba shoma, asi wakachengetedza shoko rangu uye hauna kuramba zita rangu”* (Zvakazarurwa 3:7-8).

Chokutanga Ishe Jesu vanoti ivo, “Ndaisa pamberi pako mukova wakazaruka; [piri hauna munhu anopfiga; [tatu] ndinoziva mabasa ako; [china] une simba shoma; [chechishanu] wakachengetedza shoko rangu, uye [tanhatu] hauna kuramba zita rangu.”

Ishe vakazarura mukova pamberi pavo, ivo vakapfuura nepauri vachinozadza mukana wavo webasa. Akazarura mukova uye ivo, kanapo vaiva nesimba shoma vakamirira pachokwadi kushoko rake uye vakazviisa pasi pezita rake. Naizvozvo, sezviri pachenaka, kutenda kwaShe kunofanira kuonekwa maringe neinzwi remukova iwoyo wakazaruka. Kuti suo iri chingava chaiva chii, hatinyatsodziva. Hatichakwanisi kudzokera kumashuresa kuti tinyatsodonogodza zvakazara mukana webasa wakapihwa naIshe kuiyi Kereke.

Chokwadi chiripo chingava chokuti mukova uyu raiva basa rakakosha roushumiri. Nokuti ukanyatsotarisisa pane dyidzani pakati pedanidziro youmambo hwaKristu nemusio waazarura. *“Ndiye akabata kiyi yaDhavhidha,”* (manzwi iwaya chidhindo choutongi hwake). Akazarura masuwo, uye pfungwa iripo ndeye mvumogwaro rokufambisa rakapihwa kuvatumwa, ava kuti vashandise mubasa rake.

Kiyi inovazarurira muutongi hwaMambo [wamasimba ose]. Mabata kiyi aisa pamberi peKereke mukova wakazaruka. Avapa suo kuumambo hwake uye kuti vaite basa rake. Kuzarurwa kwomukova uku isimba noutongi hwamambo hurikuvagadzirira nzira ichamhanyiswa nevatumwa vake vachinoita kuda kwake, kuparidzira ivhangeri yake kunova iko kukokerera mweya yose kwaari. Kuzarurwa kwomukova isimba rake routongi hwake nekodzera yake yakazara. Ngatimbomira zvishomana kungotarira mashoko aya nedudziro dzawo seakangotarisisana chete nenguva iyoyo yakare. Ngatitorei manzwi aya sechiga chikakosha uye chinomira nokusingaperi-peri.

Tarira uone mazaruriro anoshamisa aitwa mikova naIshe kuKereke yake kwemakore akazanirana apfuura kusvikira nhasi. Zvisinei nokupikiswa, kuzondwa nevanhu kana kut-soropodzwa, Ishe varikungokiyinura nokuzarura mikova yebasa [roushumiri], kuvanhu vake.

Kuti ungava mukanai, kana kuti mukovai, wakazarurirwa  
(Inoenderera Mberi Papeji 12)



*(Kubva Papeji 11)*

Kereke yePhiladelphia, hapana nzira yatingaziva nayo. Asi icho chakakosha chatinozarurirwa ndechekuti, muKereke iyi, yaive ine simba shoma, pakave nesuo roushumiri razarurwa, iyo ikatambira basa nokuriita.

[Mumwe mubvunzo ndeunoti] ndivanaaniko ivava vanopinda nemukova wakazaruka? Inzwa uye ubatise zvakanaka matsananguriro anoita Ishe. Kukereke yePhiladelphia Jesu haana kuti “une simba,” asi anoti “*une simba shoma.*” Asiwo zvakangodaro vainge vakavimbika kubasa raive mumaoko uye pamberi pavo, vakachengetedza Shoko rake uye Havana kuramba zita rake. Heuno mushonga mukuru webudiriro mubasa raMwari, [kuchengetedza Shoko rake, kuvimbika uye kasaramba zita rake].

Mibayiro mikuru ichawira kumaKereke kana kuvanhu, haisi kuzopihwa nemhaka yesimba guru ravanaro, kana ukuru hwebasa sokuona nokuera kwavanhu – asi nokuvimbika kune uyo akudana uye kushandisa zvakazara simba [ringava shoma] raunaro. Hongu [kuKereke yePhiladelphia] simba raiva shoma, asi pavaka pinda nemukova wakazaruka, Kereke yakashandisa vimbiko kuinzwi rake uye vakaramba vachikudza zita rake. Mubutiro remanzwi iwayo mune chakavanzika, icho chinotungamira kubudiriro pabasa rose raMwari – kuchengetedza Shoko rake uye kusaramba zita rake.

Zvirinani kuva nesimba shoma, uchirishandisa mumikova yaanozarura uye uchizviisa pasi pezita neShoko rake – pane kuva neraSamusoni simba asi uchirishandisa kubatsira avo vanobira Mwari nekupuramura chimiro chake uye kuvharidzira iye kuuya mumambo hwake.

Kukereke yePhiladelphia anoti, “*Sezvo wakachengetedza murayiro wangu kuti utsunge nomwoyo murefu, ndichakuchengetawo panguva yokuedzwa iri kusvika pamusoro ro penyika yose kuzoedza avo vanogara panyika*” (Zvakazarurwa 3:10).

### **“Ndiri Kukurumidza Kuuya”**

Mumanzwi awayo Ishe vanotaura kukereke yePhiladelphia izvo vagara vachitaura kuKereke yavo nguva nenguva. Anotaridzisa pfungwa yavo kukuuya kwake rwechipiri semunogedzo mukuru wokukunda kwake. Mumakore ayo okushanda nokushingairira, Kereke yaMwari inofanira kagara yakarindira kuuya kwake, yakateerera maungira eaya manzwi – “*Ndiri kukurumidza kuuya*” (3:11).

### **“Batisisa”**

Tichiri pachivimbiso chimwecho [Ndiri kukurumidza kuuya] chimbofungisisa zvakare nezveshoko nebasa guru reKereke nhasi uno, “*Batisisa icho chaunochi, kuti kurege kuva nomunhu anokutorera korona yako*” (Zvakazarurwa 3:11). Kukereke yeSadhisi anotaura zvimwe chetezvo (3:3), asi [ewo] pane musiyano muuremu, chinangwa nedonzvo redanidziro yaShe. Kukereke yeSadhisi yaive yambiro huru. Kukereke yePhiladelphia, chivimbiso nokunyaradza.

Kukereke (yeSadhisi) yaive mhere nehvamanda yokuti vamuke vateerere. Asi kuKereke yaishanda nokushandisa simba rayo shoma, ichizadzikisa kuda kwake aive manzwi okunyaradza nekukurudzira.

Chikwodika apa zviri pachena kuti dzidziso yokudzokazve kwake inokwanisa kunzwiswa nevanhu zvakasiyana siyana, zvichiederana nokuti iwe uri kurarama zvakadii muupenyu hwako. Imwe kereke inovhundutswa naiwawo manzwi, asi imwewo Kereke ichitonyaradziwa neiyo mharidzo yokuuya kwake.

Pachinguva chishomanana chiripo kubva nhasi nepaachadzoka anovapa basa guru rokuita mumanzwi aya “*Batisisa icho chaunochi.*” Mubvunzo watingapa ndowokuti vaiva nei? [Mhinduro sezvatamboreva pamusoro] Simba shoma, Inzwi rake, Zita rake nevimbiso yake yokudzoka. Izvi ndizvo zvavaifanira kubatisisa, kuti “*kurege kuva nomunhu anokutorera korona yako.*”

Korona inorehwa apa mubayiro webasa [rashandwa]. Akange avazarurira mukova, ivo musimba ravo shoma vakapinda vachinozadzikisa kuda kwake. Aiziva mabasa avo hongu, kuti vakachengetedza Shoko rake uye havana kuriramba zita rake. Aiva asina chigumbu navo bodo. Anovavimbisa kurumidza kudzoka uye pakudzoka kwake vaizowana korona. Kanapo ino isiri nguva yekorona asi bikitira nekukakatirana, asika mukakatirano iyoyo kana ukaramba wakabatisisa kuizvo zvako zvose, Korona iri kuuya.

### **Uyo Anokunda**

Chokugumisira, tarirazve chivimbiso kuuyo anokunda. “*Uyo anokunda ndichamuita mbiru mutemberi yaMwari wangu. Haazobudimo. Ndichanyora paari zita raMwari wangu nezita reguta raMwari wangu, Jerusarema idzva, riri kuburuka richibva kudenga kunaMwari, uye ndichanyorawo paari zita rangu idzva*” (Zvakazarurwa 3:12).

Kukunda kunorehwa apa hakusiri kwehuipi mumakereke bedzi, asi kwemasimba arikunze ayo achakundwa zvachose pukudzoka kwake. Sezvo ambenge achitaura nezvekudzoka kwake senhongonya apo akavimbisa mibayiro yose ichapihwa kukereke, chivimbiso kuvakundi ndechepenyu, nemamiriro ahwo, mushure mokuuya kwake.

Chokutanga, anovavimbisa rukudzo, “*Ndichamuita mbiru mutemberi yaMwari wangu.*” Ndiwo magumo. Shoko raMwari hapana parinotaura nezvekuva mbiru yetemberi kwemunhu achiri pane ino nyika. Asi pavachasvika uko kwoupenyu vachava nechidanho ichi mafashamu, uye chinogara nokusingaperi nemhaka yokufanana naMwari wavo.

Piri, “*Ndichanyora paari zita raMwari wangu*” izvi zvinoreva namamwe manzwi kufanana kwavo naMwari uye chidanho choukuru.

Mumwezve mubayiro unoonekwa nokutsanangurika, “*Ndichanyora paari...zita reguta raMwari wangu, Jerusarema idzva, riri kuburuka richibva kudenga kuna*

*Mwari.*” Avo vanekodzero muiri dhorabha, yekugara kusingaperi nokuda kwechimiro chavo, havasirimo sevaenzi kana vapoteri, asi seavo vane rusunguko rweguta, vachiruwana rusununguko urwu, nokukunda kwavo.

Tarira, pane chimwezeve, “*Ndichanyora paariwo zita rangu idzva.*” Hechino cherevo chinoera nokutyisa. Muchitsauko chegumi nepfumbamwe chebhuku yaZvakazarurwa mune chimwezeve chirevo chinoenderana naichocho. “*Ane zita rakanyorwa paari risingazikanwi nomunhu asi naiye oga.*” Kune kumwe kutunhidzwa kunaJesu kusina kuzarurirwa uye uku kunoonekwa chete muzita idzva. Ndiro zita raachanyora pamusoro peuyo anokunda. Iye achagoverana naye [anokunda] kukudzwa nemibaiyero wake. Pachave nokubatana pamwe chete pakati pomukundi naIshe wake. Kushingairira naye zvino kuchava kutonga pamwe chete naye. Kupinda pamukova wakazarurwa nhasi ndiko kufamba naye muupamhi hwe-dunhu raachatonga.

### **Kristu Arikutonga Nazvino**

Kupihwa kwedu Korona kunoenderana nokuvimbika kwedu, asi kukunda kwakaperera kwaMwari kunoenderana naIshe waakaisa paguta dzvene. Ngapasava nenguva yatinofunga kuti adzokera shure, kana kurasa zvinhambwe kana kusiya nzvimbo dzaakapihwa. Haasikuzoneta kana kudhanikana kusvikira apedzisa zvisuwu zvaMwari wake, uye kanapo edu meso achitadza kutevera nzira yaanofamba nokushanda nayo, mwoyo yedu ngainyaradzwe patinorangerira aya manzwi “*Ano zarura hapana munhu anopfiga, paanopfiga hapana munhu anozarura.*”

Kana tichitadza kuona mazaruriro aanoita, kana mapfigiro aanoita hazvina mhosva. Chokwadi chirevo ichi chakazadzwa nenyaradzo isingatsanangurike. Ishe, muzodzwa waMwari, kanapo akavigwa kumeso evanhu, ari kufambira mberi chete noutongi hwake. Somurungano rwakare ruya rwaDhavidha, uyo aive muzodzwa waMwari, akamboenda muupoteri kwenguva shomana, akatora upoteri mubako reAdhuram, saizvozvowo kwanhasi Kristu mutongi-rambwa, asi muzodzwa waMwari.

Rungano rweAdhuramu rwakatakura izvo zvakakosha zvikuru. Dhavidha, paakarambwa nevanhu vake, akaenda kumakomo marefu, ane mapoka matatu evanhu – vaive nezvikwereti, vaitambudzika nevainyunyuta. Vanhu ava vaiva vachisvoreka zvikuru mumeso enyika (1 Samueri 22:1-2). Vazhinji vakatofarisisa pavakaona ava vachitizira kumapako.

Asi chinofadza ndecheukama hwavo naDhavidha uye mubaiyero wavakazowana. Ukama wavo naDhavidha hwakavasandura kuva varume vakasimba. Nyaya yaDhavidha nevarume ava yakatakura pfungwa dzakadzama. Mabakatwa avo dzaive mvemve chaidzo, asi vavakabuda nazvo, chakave chidadiso chisakambonekwa.

Nokufamba kwenguva zuva romufaro rakazosvika apo Dhavidha akasiya Adhuramu achinopiwa korona.

Pamusoro pekupihwa kwake korona kunonzi iko “*Ava vose vaiva varume vokurwa...vakauya paHebhuroni vakagadzirira zvizere kuzogadza Dhavidha kuti mambo waIsir- aeri*” (1Makoronike 12:38).

Ishe wedu iko zvino vanorambwa,  
Nenyika iko zvino vanorambwa,  
Kuvazhinji iko zvino varichambwa,  
Asi kuvashoma havasi murambwa.

Iko zvino, mukurambwa kwake, ari kuzviunganidzira vanhu vake, varombo vanezvikereti, vanotambudzika, vanonyunyuta asi vakaunganira zita rake, uye achivashandiridza neukama huripo pakati pavo naye, kuti vave mauto akashongedzwa. Nokuchimbidza, mambakwedza achavapo, apo tichaunganira Ishe nomwoyo mumwe tichimuzodza saIshe.

O, terema hama yangu! Ngapasava nedzimbo dzokusuwa muimba tsvene yaMwari, asi dzokumurumbidza. Ngatisiyane nemariro etariro dzarasika uye tagofeka nguodzakararika, tisimuke kubva pachizvimbo chamadota, tichitenda kuna Ishe wedu. [Ndiye anotonga] ndiye akabata matomu, uye mukusimudza tsvimbo yake youmambo, anofambisa mabasa oumambo hwaMwari.

Ndiwo mashoko enyaradzo atinounganidza kubva mune iyi tsamba. Achiteverwa nemamwezeve akapomhodzwa nokunyorovera ekurudziro anoti, “*Batisisa icho chaunacho.*” Kupikiswa hakusati kwaperi; Satani [achiri kupik-itika] achine sinagoge rake. Mikova yakazaruka – maiwe, kereke haisakambova nemikova yakazaruka saikozvino – mikova yakazarurwa haifaniri kuburitsa kutenda kwomudzvanyidzirwa, asi mufaro wakawedzerwa. Ishe vari kukiyinura mikova munzvimbo shoma, asi kereke haisi kupinda mumikova iyi nemanyawi sezvainofanira kuita. Upofu kuchokwadi ichi chokwadi hama kunofanana nokufa.

Kereke inofanira kugara yakarinda pamikova yose kuitira kuti painongo zaruka ibatire umambo hwaKristu. Ko vanobata basa roumambo hwedenga vachazoratidza riini unyanzvi hwavo sezvinoita venyika. Kana Kereke ichida kugara yakarinda uye nokudavira kukudana kwaShe, inofanira kuchengetedza Shoko rake uye kusaramba zita rake.

Ndine urombo zvikuru kuti nguva zhinji tinobvumira zvinhu zvakakosha kuperevedza uku tichibatirira nokushingairira pazvinhu zvisina [basa] namaturo. Ngatidzokerei hama kuShoko Dzvene raMwari! Ngatidzokerei kuzita raJesu! Kana tikadaro Kereke ichava zvainofanira kuva, pamberi paMwari, “*kunaka somwedzi unokwira, kupenya sezuva, akanaka senyenyedzi dziri mumudungwe*” (Soromoni 6:10).

Chiero chekuzvinipisa kwekereke kuna Kristu hachifaniri kuva semaonerwo achinoitwa nevanhu, asi kuzvipira kubasa rayakatarirwa naIshe. [Mukupeta regai nditi ini] Zvirinani kuva nesimba shoma – asi rose richishandisirwa Kristu – pane kuva neraSamusoni simba rinongoenda  
(*Inoenderera Mberi Papeji 14*)

*(Kubva Papeji 13)*

kuzvisina kana maturo. Kana ishe vakazarura mukova, ngatipindei nesimba rose ratinaro, tichirangarira kuti zvose, [ndoreva zvose wazvose], – achazvigadzirira iye mbune, sezvo “*ndichaita kuti ndudzi dzive nhaka yako, uye migumo yenyika ive yako*” (MaPisarema 2:8).

– Chakatorwa kubva mubhuku *A First-Century Message To Twentieth Century Christians* rakanyorwa naG.Campbell Morgan, rikadhindwa neBaker Book House, Grand Rapids, kuMichigan. VaG.Campbell Morgan (1863-1945) vakanyora mabhuku neekumicho akawanda uye vakamboshandira kuBritain, Canada ne U.S.A. samufundisi nemuvhangeri.

## Jesu – Muprista Wedu Mukuru

*NaRich Carmicheal*

*“Naizvozvo, hama tsvene, vagovani neni pakudanwa kunobva kudenga, isai pfungwa dzenyu pana Jesu, Kristu Muprista mukuru uyo watinopupura nezvake”* (Hebheru 3:1).

*“Naizvozvo anogona kuponesa zvizere vaya vanouya kuna Mwari kubudikidza naye, nokuti anorarama nokusingaperi achivanyengerera”* (Hebheru 7:25).

*“Asi mauya pagomo reZioni, Jerusarema rokudenga paguta raMwari mupenyu. Mauya kuzviuru nezviuru zvatatumwa vari paungano yomufaro, kuKereke yamatangwe, vane mazita akanyorwa kudenga. Mauya kuna Mwari mutongi wavanhu vose, kumweya yavanhu vakarurama vakakwaniswa. Mauya kuna Jesu murevereri wesungano itsva, uye kuropa rakasaswa rinotaura zviri nani pane raAbheri...”* (Hebheru 12:22-24).

Makomborero makuru sei muupenyu hwedu savatendi kugara tachifunganya nokutaridzisa ndangariro dzedu panaJesu Kristu Muprista wedu Mukuru! Hazvinei kuti tiri pachinzvimbo chakaita sei, takasimba here kana kuti takaneta, tiri kusimudzirwa here kana kuti tiri kudzoredzerwa shure. Hazvinei kuti tirimumufaro here kana kusuwa, tirim-uutere here kana kuti tiri vatano, tinawana here kana kuti tiri varombo, tiri vakundi here kana kuti tirikukurirwa panguva iyoyo. Tingasimudzirwa zvikuru kana tikatendeutsira ndangariro nehana dzedu kuna Jesu Kristu Muprista wedu Mukuru! Ndiye simba redu, kurudziro yedu, mufaro wedu, utano hwedu, upfumi hwedu, kukunda kwedu, ruponiso rwedu, nezvimwewo zvakadaro. Savatendi zvakafanira zvikuru kuti tigare takataridza mindangariro yedu panaJesu Kristu [Mwanakomana waMwari mupenyu].

*“Naizvozvo nesuwo, zvatakakomberedzwa negore rezvapupu rakakura rikadai, ngatibvisei zvose zvinotiremedza nechivi chinongotinamatira nyore, uye ngatimhanyei nokutsungirira nhangemutange yatakaisirwa. Tichitarira kuna Jesu muvambi nomukwanisi wokutenda kwedu”*

(Hebheru 12:1-2). Rega ndikukoke nhasi, hama kuti timbotarisisa kuzvokwadi zvinotevera pamusoro paJesu Kristu, zvokwadi inokohomekedzeswa nomunyori kuva-Hebheru: [Zvokwadi yokuti] Jesu ndiye Muprista wedu Mukuru. Mukuedza kutibatsira kubatisisa chokwadi ichi chaJesu Muprista wedu Mukuru, munyori kuvaHebheru anonyurura mifananidzo nemisiyano pakati paJesu nava-prista, [kusanganisira navapamusorosoro] vomuchitenderano chakare. Mumuenzaniso mumwe nomumwe munyori anonongedzera kuhukuru hwaJesu somuprista mukuru kupfuura vose vaprista vakare.

### Jesu Munzvimbo Tsvene-Tsvene

Imbofunga somuenzaniso, mabasa aive akatarisana nemipiro pazuva roKuyanana. Pamwongo webasa romuprista aive akadanirwa iri basa, kwaive kupa mipiro yokuyanana pazvivi zvanhu. Ushumiri uhwu hwaivapo gore roga roga, (verenga Revhi 16) apo muprista aibvumirwa naMwari kupinda Munzvimbo Tsvene-tsvene, mutemberi, achinozviyananisa iye pachake nevemhuri yakwake uye nevanhu vaMwari. Iye oga ndiye aibvumirwa chete kupinda Munzvimbo Tsvene-tsvene uye kamwe chete pagore, uye izvi aizviita mushure mukutevera miga negadziriro yokuzvishambidza sokureva kwaMwari [pasina izvozvo ainganga pakupinda Munzvimbo Tsvene-tsvene].

Munyori kuvaHebheru anonongedzera kuti Jesu, savaprista vapamusoro vakare, akapinda Munzvimbo Tsvene-tsvene kunotiyananisa naMwari pazvivi zvedu. Asika pane misayano yakakosha pakati peUshumiri hwake nohwovaprista vakare.

Misiyano iyi inosanganisira zvinotevera:

♦ Apo vaprista vakare vaipinda panzvimbo tsvene yakagadzirwa, asi yaive ichingova mufananidzo chete waiyo chaiyo, Jesu haana kupinda mutemberi yakaitwa namaoko avanhu, asi kuti akapinda kudenga chaiko, achitiendera pamberi paMwari (9:24). Uye haana kupinda kudenga kuti azviite chibayiro kakawanda, somuprista mukuru wakare ainopinda muNzvimbo Tsvene-tsvene, gore negore, neropa risiri rake. Izvi zvinoreva kuti tino muprista mukuru, akagara kurudyi rwechigaro chaIshe kudenga, uye anoshumira muimba tsvene, iyo Tabhenekari chaiyo iyo yakamiswa naIshe kwete navanhu (8:2).

♦ Apo vamwe vaprista vaipinda Munzvimbo Tsvene-tsvene vakaputirwa neutsi hwezvinonhuhwira huchifukidza chigaro chenya pamusoro peChipupuro (Revhi 16:13), Jesu, soMwanakomana waMwari akatiendera muvepo hwaBaba (Hebheru 9:24; 10:9).

♦ Vamwe vaprista vaiva vatadziwo, waitanga vazviyananisa ivo zvivi zvavo naMwari vasati vapinda Munzvimbo Tsvene-tsvene. Naizvozvo vaipinda Munzvimbo Tsvene vaine ropa kwete ravo – asi remhuru [raimirira zvivi zvavo], nerembudzi [raimirira zvivi zvanhu]. Asi Jesu, nokuda kwokuti aive asina chivi haana kupa mupiro wezvivi zvake. Akazvipa asina chaangapomerwa kuna Mwari-Muviri wake



uye neropa rake risina charingapomerwa (9:14). Akapinda Munzvimbo Tsvene-tsvene neropa rake kuti aparadze chivi nokuzviita chibayiro iye pachake! (O Haleluya!)

♦ Kanapo vamwe vaprista vaipinda Munzvimbo Tsvene-tsvene kamwe chete pagore (9:25), Jesu “*akaonekwa kamwe chete*” pamagumo enyika kuti aparadze chivi nokusingaperi (9:26; 7:27). Mupiro wake wakava kamwe chete nokusingaperi!

♦ Kanapo ropa remhuka dzaipirwa navaprista raive nesimba shoma rokuyanana uye richiita kuti vanatswe panyama, zvaive zvakaoma zvikuru kuti ropa remhuka idzi ribvise zviivi zvavo nokusingaperi. Vanhu vairamba vachinzwa huremu hwezvivi zvavo uye nokuzvitongesa kwezvivi. Mipiro yaipiwa gore negore yaitova muyeuchidzo wezvivi zvavo (10:1-3). Asi ropa rinoshamisa raJesu Kristu Muprista wedu Mukuru! rine simba rose rokitidzikinura kubva kuzvivi zvedu, nokutichenesa mifungo yedu kubva kuzvivi (9:14-15).

### Hukuru HwaJesu Somuprista

Munyori kuvaHebheru anogoveranawo nesu, kufanana nemisiyano pakati pavaprista naJesu izvo zvinokwanisa kupfumisa zivo neukama hwedu nouyu Muprista mukuru. Zvimwe zvacho ndezvizvi:

♦ Jesu soMuprista Mukuru akasarudzwa kubva pakati pavanhu sokusarudzwa kwavaprista vakare (5:1). Aive munhu wakazara, akaitwa “*sahama dzake nenzira yose kuitira kuti agova muprista mukuru ane tsitsi uye akatendeka muushumiri kunaMwari uye kuti ayananise vanhu nokuda kwezvivi zvavo*” (2:17). Akatambudzika paakaedzwa, uye akadzidza kuteerera kubva pakutambudzika kwake (5:8). Asi savaprista vakare, Jesu haana chvi. Iye “*mutsvene, asina chaanopomerwa, asina kusvibiswa, akatsaurwa kubva kuvatadzi akasimudzirwa pamusoro pamatenga*” (7:26). Apo vaprista vakare vaive vakaneta, iye “*akakwaniswa nokusingaperi*” (7:28).

♦ Kwakava nomutorododo wavaprista nokuti rufu rwakavatadzisa kupfuurira mberi savashumiri. Asika Jesu anogona kuti ponesa zvakazara kana tikauya kuna Mwari kubudikidza naye nokuti “*anorarama nokusingaperi achivanyengerera*” (7:25). Kusiyanana navaprista vakare vaibva murudzi rwaRevhi, Jesu ndowo rudzi rwaJudha, rudzi rusina kumbobvira rwashumira paaritari. Akauya somuprista ari worudzi rwaMerikizedhiki asiri worudzi rwaAroni (Aroni aive werudzi rwaRevhi).

Pane zvakanosha pamusoro paMerikizedheki: 1) Anoramba ari muprista nokusingaperi – naJesuwo anoramba ari muprista nokusingaperi (7:3); 2) SaMerikizedheki, Jesu muprista naishe (7:1-2); uye 3) Uprista hwaJesu hukurusu kunohwaAroni worudzi rwaRevhi. Izvi zvinoneka kana tichitora chiga chokuti muduku anoropafadzwa noakamupfuura paukuru. Sezvo Abhurahamu akaropafadzwa naMerikizedheki, iye ndiye anoonekwa somukuru. Uye sezvo Revhi aizouya murudzi rwaAbhurahama, Merikizedhiki

mukuru kuna Revhi. Naizvozvo sezvo Jesu aizouya murudzi rwaMerikizedhiki, uprista hwake hukuru pane verudzi rwaRevhi (7:4-10).

♦ Apo vaprista vakare, kusanganisira naiye Aroni, vaisavimbika muukama nebase ravo kunaMwari, Jesu “*muprista mukuru ane tsitsi uye akatendeka muushumiri kunaMwari*” (2:17) uye “*akatendeka somwanakomana pamusoro peimba yaMwari*” (3:6).

♦ Savaprista vakare, Jesu akapiwa uprista naMwari. Asiwo Jesu havasiri munhu chete, Mwanakomana waMwari wakazara. Havasiri munhu wakazara chete asiwo ndiMwari vakazara. “*Ndiye chadzera chokubwinya kwaMwari uye ndiye mufananidzo wake chaiwo anochengeta zvinhu zvole neshoko rake rine simba*” (1:3).

♦ Vamwe vaiva vaprista pasina mhiko, asi Jesu vakave muprista zvine mhiko. “*Ishe akapika uye haangashanduri murangariro wake: Iwe uri muprista nokusingaperi*” (7:21). Nokuda kwechisimbiso cheshoko nechivimbiso chake Jesu Muprista uye achava Muprista nokusingaperi.

♦ Kanapo vamwe vaprista vaimira nguva yose vachipa mipiro yakafanana, Jesu vakapira nokusingaperi mupiro mumwe chete uye vakanogara kurudzi rwaBaba (10:12). Pamuchinjikwa vakadanidzira, “*Zvaperi*” (Johani 19:30). Kuyananiwa kwakaitwa Kwavapo! Munyori kuvaHebheru onokhomedzesa izvi nokutirangaridza kuti Jesu vari kurudzi rwaMwari kudenga, (1:3; 8:1; 10:12; 12:2). Mupiro wake wakapedza zvole, uye vari kurumbidzwa kudenga panzvimbo yakakwirira nokuremekedzwa, kurudzi rwaMwari!

♦ Vamwe vaprista vaive noshumiri, chivi, bvumirano, zvivimbiso uye nezvishuvirowo. Asi munaKristu zvinhu zvole zvave nani; ane ushumiri hwakapfuura hwavo pakunaka, akava rubatso rwesungano inopfuura nokunaka, iyo yakasimbiswa nezvipikirwa zviriri nai uyezve ane tariro iri nani.

### Pundutso Yatinowana Muprista Ukuru HwaJesu

Patinoisa mudzihana dzedu zvokwadi iyi ine chokuita naJesu muprista wedu mukuru, pane zvikomborero zvatizingabata nokukoponora nokutenda muupenyu hwedu.

Hezvinoini zvikomborero zvatinozana:

♦ Muumunhu hwake Jesu akasangana nezvinhu zvatinosangawo nazvo nhasi uno. Nokuda kwaizvozvo, anogona kutinzwira tsitsi pautera hwedu (4:15) uye ane ngoni nyasha kwatiri (nokuti anoziva kuti tiri ivhu)(2:17; 4:16). Anokwanisa kutibatsira pakuedzwa kwedu uye tinokwanisa kuvimba nyasha dzake, kuitira kuti tigwana nyasha, tibatsirwe panguva yokushaiwa kwedu (4:16). Tinokwanisa kutendeukira kwaari nguva iri ipi zvayo kuti tiwane rubatsiro.

♦ Tinokwanisa kuwana kurudziro norudekaro nokuti Jesu vanokwanisa kuti ponesa zvakaperera. Pane dzimwe nguva patimbonzwa sokupererwa, apo zvinenge zvakadzvanya. Asi tinokwanisa kushingairira munguva dzakadai tinokuziva kuti uyo akatanga basa iri matiri anokwanisa

kuripedza (VaFiripi 1:6). Jesu anochengeta zvinhu zvose neshoko rake rine simba (Hebheru 1:3). Vanokwanisisa kuti batsira nokutichengetedza. Naizvozvo tinokwanisa *“kubatisisa kushinga kwedu uye netariri yatinozvumbidza pamusoro payo”* (3:6) uye tinokwanisazve *“kubatisisa kuvamba kwokutenda kwedu kusvikira pakuguma”* (3:14). Isu hatiziri vava vokudzokera shure, uye vanopraddzwa, asi tiri vokutenda uye tinoponeswa! (10:39). Jesu ndiye muvambi wokuponeswa kusingaperi kuna vose vanomu-terera uye akanzi naMwari ave muprista mukuru worudzi rwaMerikizedhiki (5:9).

♦ Tinowana kurudziro mukurangerira kuti Jesu vanorarama nokusingaperi uye vachitinyengerera. Chimwe chikamu cheminyengerero yavo iri pamusoro pedu isu savatendi. Imbofunga munyengetero wavo pana Petro, *“Simoni Simoni, Satani akumbira kuti akuzungure segorosi. Asi ndakunyengerera, Simoni kuti rutendo rwako rurege kupera. Uye paunenge watendeuka, usimbisewo hama dzako”* (Ruka 22:31-32). Fungisisazve zvakare nezvikamu zve-minyengetero pamunyengetero wake pana Johani<sup>17</sup>, uyo unoonekwa navamwe somunamato wake mukur wouprista: *“Munyengetero wangu hausi wokuti muvabvise panyika asi kuti muvadzivirire pane akaipa. Havasi venyika, seni ndisiri wenyika. Vaitei vatsvene nechokwadi chenyu; shoko renyu ndiro chokwadi. Sezvamakandituma munyika, neniwo ndakavatuma munyika”* (15-18); *“Munyengetero wangu hausi waava voga. Ndinonyengererawo neavo vachazotenda kubudikidza nemharidzo yavo, kuti vose vave vamwe, Baba, sezvo imi muri mandiri uye neni ndiri mamuri. Naivowo ngavave matiri kuitira kuti nyika igotenda kuti makandituma. Baba, ndinoda kuti vava vamakandipa vave neni pandinenge ndiri, uye kuti vaone kubwinya kwangu, kwamakandipa nokuti makandida nyika isati yasikwa”* (vv. 20-21, 24).

Mupositori Pauro vanotirangeridzawo kuti Ishe Jesu vari kurudyi rwaBaba, vachitinyengerera, uye hakuna chinhu chingatiparadzanisa norudo rwavo. Muzvinhu zvose izvi tiri vakundi nokupfuurisa kubudikidza naiye wakatida. Tinokwanisa kushingairira kusvika kumagumo nokuti Ishe wedu ari kuti nyengerera!

♦ Sezvo Muprista wedu akavimbika nokutendeka, tinokwanisa kuvimba naye zvakaperera. Vanogara vakangodaro kubva zuro, nhasi kusvika kukusingaperi. Tariro yedu maari haizombonyadziswi. *“Tine tariro iyi sechibatiso choMweya chakasimba chisingazungunuswi. Inopinda mukati mechidzitiro chomutemberi, makapinda Jesu akatitangira isu, akapinda akatimirira. Akava muprista mukuru nokusingaperi worudzi rwaMerikizedhiki”* (6:19-20).

♦ Kubudikidza neropa rake, takasunungurwa kubva

pasimba rechivi, uye tinokwanisirwa kushumira mwari. Hatisisri varanda vechivi, asi tinokwanisa kupira muviri yedu seavo vakadzikinurwa kubva murufu kuupenyu. Tave zvisikwa zvitsva muna kristu, tine ruponiso noupenyu hwake zvichishanda matiri. Mutsvene arikutiita nesu tive vatsvene.

♦ Kubudikidza neropa raJesu Kristu, tinokwanisa kuregererwa nokunatswa. Mupositori Johani vanotirangeridza ichi chokwadi kuti *“ropa raJesu Mwanakomana wake, rinotinatsa pazvivi zvose. Kana tichireurura zvivi zvedu, iye akatendeka uye akarurama, uye achatikanganwira zvivi zvedu agotinatsa pakusarurama kwose”* (1 Johani 1:7-9). *“Kana munhu akatadza tine murevereri kuna baba, [iye] Jesu Kristu, uyo akarurama. Ndiye chibayiro chinoyananisira pazvivi zvenyika yose!”* (1 Johani 2:1-2). Jesu vanokwanisa kupedza zvose zvivi zvedu. Kana uri kunetsekana nechivi, unokwanisa kutarira kwavari iye nhasi kuti ugowana kukunda!

♦ Naizvozvo, iko zvino tinotsunga kuti tipinde Munzvimbo Tsvene-tsvene neropa raJesu (10:19). Atizarurira nzira kuti tipinde muhuvapo hwaMwari. Kwete kungotizarurira nzira chete asi ndiyezve anotitungamira. Tsanangudzo yaAndrew Murray pamusoro pamakomborero okupinda Munzvimbo Tsvene-tsvene, ndiwo andinoona akfanira mukupeta nyaya yedu:

“Hapano [achireva paNzvimbo Tsvene-tsvene] apo uso hwaBaba hunoonekwa, rudo rwake ruchiravirwa. Hapano apo utsvene hunozarurwa uye mweya uchinzi utore hawo zvose. Apo mupiro worudo, munyengetero nokutenda, zvinonhuhwirira zvomunamato nomukumbiro zvinopiwa [kunashe] musimba rakapfuurisa. Hapano apo kudururwa kwoMweya Mutsvene kunozivikanwa sechidzivad-ingwi chorwizi rusingapwi, kubva pachigaro chaMwari neGwayana. Hapano apo mweya [womunhu], muhuvapo hwaMwari, unokura kuva chimwe chete naKristu uye kuva chakafanana naye. Apo, muhuumwe naKristu, muminyengerero naye, nesuwo tinosimbiswa kutora chigaro chedu choumiriri pamunyengetero, tine simba munaMwari uye tinokukunda. Apo mweya unosimuka souri pamapapiro egondo, simba richivandudzwa, uye makomborero, simba nerudo zvichipiwa kuva vaprista vaMwari kuti, vaende vanokomborera nyika irere panhoo yorufu. Apo zuva nezuva tinowana kuzodzwa kutsva, musimba tichikwanisa kuenda kunova vadanidziri, zvapupu uye kuva mikana yoruponiso rwaMwari kuvanhu, uye tichiva midimbwa mipenyu iyo ishe vedu, vakakomborerwa, vanogona kuratidza kukunda kwavo kwakazara. O Jesu! Muprista wedu mukuru, uhwu ngahuve hupenyu hwedu kubva nhasi kusvika nariini. (Uyo ane nzeve dzokunzwa ngaanzwe zvinoreva Mweya kumaKereke) [mupepeti]